№36 (20016) hakikat_gazeta istina@etnomediadag.ru hakikat.info

АССАЛАМУ ГІАЛАЙКУМ!

Хlакъикъат

МагІарулазул республикаялъулаб газета. Бахъизе байбихьана 1917 соналъул 3 апрелалда

24 сентябрь 2026 с.
хамиз

Рищиял, депутатал ва халкъалъул хьулал











18, 19 ва 20 сентябралда тІоритІарал рищиязде буссун букІанин кинабго кІварин абуни, мекъи ккеларо. Гьаракь кьезе рачІана гьитІиналги кІудиялги, хералги бахІаралги, СВОялда хъулухъ гьабулел гІолохъабиги, гІухьбиги, чотІахъабиги, хІатта туристалцин.

ЖАКЪАСЕБ НОМЕРАЛДА

КЪВАРИЛЪИ ККАРАЗЕ ХІАЛАЙ РАТУЛЕЛ



6

РУХІИЯБ ТАРИХ БЕЧЕД ГЬАБУЛЕБ ТІЕХЬ



7

ГУРХІЕЛ-РАХІМУЯЛЪУЛ ГЪАСДА



8

ТIоцересел офицерзабазе документ кьуна

МахIачхъалаялда, Дагъистаналъул пачалихъияб техникияб университеталда (ДГТУ), 2004 соналда рагьана Рагъулаб цIалул центр. Гьенир цIализарула рехсараб вузалъулго студентал, ай гьез тIаса бищараб аслияб махщелалде тIаде рагъулаб хIадурлъиги гьабула. ЦIалул централда гIуцIун руго лъикIал шартIал: рагьун руго хасал классал, цо-цо аудиториязе кьун руго Россиялъул БахIарзазул цIарал ва дарсал кьола камилаб махщел бугел преподавателаз.



ХIалбихьи бугел инструкторазе курсантазда малъула ярагъ, хасго БПЛА хIалтIизабизе ва кьола рагъулаб тактикаялъул дарсалги. Гьелде тIадеги курсантал гIахьаллъула ватIан бокьи куцаялъул мурадалда тIоритIулел тадбиразда, регионалиял акциязда, кумек гьабула СВОялъул ветераназеги бахIарзазул хзъизамазеги.

Гьал къоязда рехсараб централъул тIоцересел выпускниказе кьуна рагъулал билетал. Гьеб тадбиралда гIахьаллъана ДРялъул бетIерасул ишал тIуралев Федор Щукин, ДРялъул миллияб политикаялъулгун диниял ишазул министрасул ишал тIуралев Россиялъул БахIарчи Темирлан АбутIалимов, Россиялъул БахIарчи Энвер Набиев, «Орден мужества» шапакъаталъе лъабцIул мустахIикълъарав СВОялъул гIахьалчи МухIамад Валихов ва цогидалги. Байрамалъул тадбиралде рачIарал гьезда рихьизаруна курсантазе дарсал кьолел классалги, гьенир лъун ругел рагъулал алаталги, ДГТУялъул выставкаги, тактикияб медицинаялъул дарсал кьолеб кабинетги ва гь.ц.

ТIоцересел выпускниказе рагъулал билетал кьуна Ф. Щукиница. «Аслияб гражданияб махщелалда цадахъ жакъа нужее щолеб буго гьанже заманалъул рагъулаб махщелги, гьелда цадахъ – лъайгун бажариги. Малъана нужеда захIматаб хIалалда щиб гьабизе кколебали, жавабчилъи тIаде босизеги ва, кинаб хIалалде кканиги, къвакIун чIезеги. Централда нужелъ куцана битIун хьвадиги, жавабчилъиги, мустахIикъаб куцалда ватIаналъе хъулухъ гьабизеги», – ян хитIаб гьабуна гьес выпускниказде ва гьарана Дагъистаналъегун Россиялъе хъулухъ гьабиялъулъ икъбал.

Мекъаб информациялдаса гIолилал цIунизелъун

22 сентябралда МахIачхъалаялда гражданияб журналистикаялъул школалъ «Академия смыслов» абураб семинар тIобитIана.



Тадбир гIуцIана ДРялъул бетIерасул ва хIукуматалъул администрациялъгун (АГиП РД) республикаялъул лъай кьеялъул ва экспертазул централ. Семинаралда гIахьаллъана республикаялъул тIалъиялъул вакилзаби, журналистал, гIалимзаби ва студентал.

АГиПалъул нухмалъулесул заместитель Марат Лугуевас гьениб бицана информациялъулаб политика хисизабиялъул бугеб кIваралъул хIакъалъулъ.

ДГУялъул Координациялъулаб централъул нухмалъулев М. МухIамадовасул рагIабазда рекъон, гIолилазе гIадатияб къагIидаялда насихIатал гьариялъул гьанже пайда гьечIо, гьанжесеб, цифровияб заманалъул гIолилазда жо бичIчIизабизе ккани, батIияб къагIида хIажат буго.

Дагъистаналъул ЦУРалъул нухмалъулев Исрафил Исрафиловас бицана гьересиял харбал тIиритIизариялъул ва гьезда данде къеркьеялъе хIалтIизарулел къагIидабазул хIакъалъулъ.

ХIинкъи гьечIолъи чIезаби - аслияб масъала

22 сентябралда ДРялъул бетIерасул ишал тIуралев Федор Щукиница тIобитIана Терроралде данде къеркьеялъул комиссиялъулги Оперативияб штабалъулги цадахъаб иргадулаб гуреб данделъи. Гьениб бицана регионалда хIинкъи гьечIолъи цIуниялъе гьаризе кколел тадбиразул хIакъалъулъ.

Данделъиялда рехсана кIвар бугел ва цIунизе тIадал объектал ва хIадурун руго гьел цIуниялъул мурадалда гIуцIизе кколел тадбиралги.

Аслияб масъалалъун регионалъул нухмалъулес рехсана энергетикаялъулги, промышленносталъулги, транспорталъулги инфраструктура цIуни. Гьединал бакIазда гьоркьор руго ралъдал портги аэропортги. Киналго объектал цIуниялъе гIуцIулел тадбирал дандразе ккола низам цIунулел ва къуваталъул идарабаздайин абуна Ф. Щукиница.

Фабрикаги, гофрокартонги, цIерги

ДРялъул хIукуматалъул нухмалъулев МухIамад Рамазанов щвана республикаялъул чанго промышленнияб предприятиялде.



ТIоцебе гьес гьоболлъи бана ООО «Экотар» абураб заводалда. Гьеб хIалтIизе биччана 2021 соналъ ва жакъа гьеб ккола гофрокартон ва гофротара къватIибе биччаялъул рахъалъ республикаялда бищун церетIурал заводазул цояб. Щиб-щибниги къайи-цIа ва кванил нигIматал жанир лъолел бицатаб кагътил ящикал гьаризе хIалтIизабулеб материал ккола гофрокартон. Гофротара ккола хIадурараб ящик.

Хадув республикаялъул премьер щвана Каспийскиялъул цIер къотIулеб заводалдеги МухIамад ХIажиевасул цIаралда бугеб заводалдеги. Гьеб заводалъеги хасго кIудияб къимат кьуна премьерас.

Гьединго МухIамад Рамазанов щвана ООО «ДТЕКС» абураб, гьанжезаманалъул технологиялда рекъон, халичаби рессулеб фабрика балеб бакIалдеги. Гьенибе биччан буго 1,2 млрд гъурущ инвестициязул. ТIубан лъугIун хадуб ракIалда буго гьеб фабрикаялда 150 чиясе хIалтIизе бакI чIезабизеги.

Каспийскиялда хIалтIизе биччана «Каспийск» абураб индустриалияб, бакIал раялъулаб цIияб комплекс. Гьеб рагьулеб тадбиралдаги гIахьаллъи гьабуна хIукуматалъул нухмалъулев М. Рамазановас.

Комплексалъ къватIире риччазе руго бакIал раялъе хIажалъулел материалалги, газобетанолъулал блокалги, гьединго рукъзабазул къадал рохьиялъе хIалтIизабулеб гачги. ЦIияб комплекс баялъе биччараб инвестициялъул къадар бахана 1,7 млрд гъурщиде.

МагIарухъе нухал

ГIахьвахъ районалда къачIалеб буго «Болъихъ-КIаратIа» шагьранух.

22 сентябралда байбихьи лъуна гьенибе хъилалъул тIоцебесеб гъат тIеялъул хIалтIуде. Гьава-бакъалъул шартIал лъикIго ругебгIан механизмалъ ракIалда бугин анкьил ахиралдехун киналго хIалтIаби рагIалде рахъинаризеян абуна гьениб хIалтIи гьабулеб «Стройконсалтинг» ОООялъул нухмалъулев Зубаир Камиловас.

Нух къачIалаго ракIалда буго чвахунцIад бан хадуб иххал унел мухъалги гьаризе гьенир.

Ракьал лъалъазе шартIал

Исана чвахунцIадазул заманалда лъеца хвезабураб 48 мелиоративияб (ракь лъалъалеб) комплекс цIигьабун къачIана.

Гьедин бицана РФялъул тIабигIиял сурсатазул ва экологиялъул министрасул нухмалъиялда гъоркь тIобитIараб, чвахунцIадаз гьабураб заралалъул хIасилал гьоркьор лъураб данделъиялда.

ГIаммаб къагIидаялъ, исана республикаялда ккарал гIорхъолъа рорчIарал ахIвал-хIалазулъ ккараб зарал бахуна 488 миллион гъурщиде.

48 мелиоративияб комплекс къачIан буго республикаялда. Октябралъул ахиралде къачIан бахъинабизе буго жеги 14 комплексги.

МагIарул гIиял гьан

2026 соналъул байбихьудаса жакъа къоялде щвезегIан республикаялъ къватIиса пачалихъалде бичун буго 1,2 азарго тонна гIиял гьанал. Гьединал баянал рехсана Росдал магIишаталъул министерствоялъул данделъиялда.

«Дагъистаналъул гIиял гьан» абураб бренд машгьур гьабизе бугин хадубккунгиян бицана данделъиялда.

Дагъистан цебесеб кьерда буго Россиялъул регионазда гъоркьоб гIиял къадаралъул рахъалъ.

Ихдал, гIи къинлъул заманалда, нилъер гIицIцIаназул бетIер цIикIкIун буго. Гъоркьиса гьезул къадар 4,6 миллион бетIер букIун батани, исана ихдал щуго миллионалдасаги тIаде ун буго.

ГIандадерил торгIоялъ данде гьаруна

Болъихъ районалъул ГIанди росулъ тIобитIана волейболалъул рахъалъ кIудияб турнир. Районалъул росабазда гьоркьоб тIобитIараб гьеб тадбир сверана кIудияб спортивияб дандеруссиналде.

Республикаялъул спорталъул министр Сажид Сажидовасги цогидал гьалбадерицаги гIахьаллъи гьабуна гьелда. Турниралъе спонсорлъи гьабуна «Умма 05» абураб минаби ралеб компаниялъ.

Унго-унгояб хIай бихьизабуна балъхъадерил командабаз. ТIоцебесеб бакI щвана Чанхъо росдал командаялъе. КIиабилеб бакI босана ЦIияб КIижани росдал гIолохъабаз. Лъабабилеб бакI щвана гIандадерие.

«Дун вачIарав ЦIадасан, цIорораб къавудасан»

ЦIадаса ХIамзат гьавуралдаса 150 сон тIубай кIудияб даражаялда тIобитIизе буго республикаялда 2027 соналъ.

Гьединаб указ хъвана республикаялъул нухмалъулесул ишал тIуралев Фёдор Щукиница. ХIукуматалъул нухмалъиялда тIадкъан буго гьелъие оргкомитет гIуцIизе ва гьаризе ругел тадбиразул сияхI хIадур гьабизе.

ЦIадаса ХIамзатица кьучI лъуна магIарул сатираялъе ва гьединго драматургиялъе.

ХIадур гьаруна Ашахан ЮСУПОВАС.

Низам хвезабиялъул хIужаби кквечIо

21 сентябралда «Дагъистан» РИАялда тIобитIана 2026 соназул рищиязул хIасилазул хIакъалъулъ бицараб пресс-конференция. Гьелда гIахьаллъана ДРялъул ЖамгIияб палатаялъул председатель Амирхан МухIамаддадаев, гьесул заместитель Эдуард Уразаев ва Рищиязда хадуб халкквеялъул республикаялъулаб штабалъул председатель Динислам Дадаев.



Гьезул баяназда рекъон, тIолабго улкаялдаго гIадин, Дагъистаналдаги рищиял тIоритIана лъабго къоялъ ва низам хвезабиялъул рахъалъ гIочIоде чIвазе мустахIикъаб цониги хIужаги ккечIо. Партиязда гьоркьоб бергьенлъи щвана «Цогояб Россиялъе». Щварал гьаркьазул процентазул рахъалъ гьезда хадур гIунтIарал партиязул хIисабги гьабун, Дагъистаналъул парламенталда рукIине руго «Цогояб Россиялъул», «КПРФалъул» ва «ЩIиял гIадамал» партиязул вакилзаби.

«Ростелеком» ПАОялъул Дагъистаналда бугеб филиалалъул хасаб рокъоб гIуцIун букIана Рищиязда хадуб жамгIияб халкквеялъул республикаялъулаб штаб. ТIадегIанал технологиязул алатаздалъун хьезабураб штабалда лъабго къоялъ хIалтIана 20 эксперт. Гьезда гьоркьор рукIана журналистал, политологал, экономистал ва волонтерал. Республикаялда рагьун букIана 700-ялдаса цIикIкIун рищиязул участок. Гьезул щибалда бугеб ахIвал-хIал бихьулаан хасаб экраналда онлайн къагIидаялдалъун. Нагагь пуланаб бакIалда ток свани, ай экраналдаса гьеб бакI тIагIани яги низам хвезабиялъул хIужа тIатани, гьебсагIатго кIалъалаан бакIалда вугев жамгIияв халкколесухъе. Гьеб параялъго битIизабулаан кинабго, ай рекъезабулаан чIезабураб низамалда рекъон.

Баркала буго киназего: лъабабго къоялъ, бер тIаса босичIого хIалтIарал волонтеразеги, гIадлу-низамалда рищиял тIоритIизе квербакъарал комиссиязеги, низам цIуниялъухъ халккуразеги. РакIчIун абила: Дагъистаналда рищиял ана гIуцIадго, низам хвезабиялъул хIужа биччачIого ва гьеб ккола халкъазул гъункиялъе, улкаялъул президентасда хадур нилъ рилъиналъе нугIлъи. Кидаго гIадин, букъараб зар гIадин цадахъ нилъ ругеблъи бихьизабуна Россиялде данде къеркьолел къуватазда, нилъер улка хIабургьинабизе гьира бугел тушбабазда», - ян бицана **А. МухIамаддадаевас.**

Халкквеялъул къокъаялъул хIалтIул хIакъалъулъ бицана Д. Дадаевас. Гьесул баяналда рекъон, рищиязул къоязда штабалде гьабуна микьазаргоялдаса цIикIкIун хитIаб. Гьел хитIабал рукIинчIо низам цIунунгутIиялъул, хъачIаб гъалатI биччаялъул хIакъалъулъ. ЦIикIкIарасел хитIабазул мурад букIана рищиязул участок рагьиялда, гьел тIоритIиялъул къагIида мухIкангьабиялдаягирищиязе квалквал гьабулел хIужабазда хурхарал. *«Цадахъго гIемер бюллетенал рехизехъин ругин яги фейк (гьересияб хабар) тIибитIизабизехъин бугин абурал баяналги щвана нижехъе. ГьебсагIатго бакIалда ругел юристалгун дандги бан, халгьабизе тIамулаан ва къиматги кьун, суал хехго роцIинабулаан. Амма цониги хIужа букIинчIо, пуланаб участокалда тIоритIарал рищиязда божунгутIиялъе рес кьолеб.*

Рищиязда хадусел къоязда ниж гIахьаллъана СКФОялъул регионазул дандеруссиналда. ВидеокъагIидаялда гьеб тадбиралда нижергун бухьен гьабуна улкаялъул 70 регионалдаса ЖамгIиял палатабазулги Халкквеялъул штабазулги вакилзабаз. Бицунеб букIана щибаб регионалда рищиязда букIараб ахIвалхIалалъул хIакъалъулъ. Кьурал суалазе ракIбацIцIадго жаваб кьуна нижеца гьенирги», - ян бицана **Д. Дадаевас**.

Бищун гIемер чи рищиязде вачIун вуго шамат къоялъ. «Ниж дагьал рихха-хочана, Дербенталъул рищиязул участокалде полициялъулазул къокъа жанибе лъугьунеб бихьидал. ТIасан борчIараб хIалдай бугебан ракIалде ккана. Амма гьел рукIун руго полициялъул цо участокалъул хIалтIухъаби: байрамалъулаб парталги ретIун, гьаркьал кьезе рачIарал», - ан бицана Динисламица.

Пачалихъияб Думаялде депутатал рищиялъулъ гIахьаллъана Дагъистаналъул избирателазул 91,69%. Официалиял баянал жеги мухIкан гьарун гьечIониги, цебеккунисеб хIасил гьединаб бугилан бицана рищиязул политикиял хIасилал гьарурав Э. Уразаевас. *«ТIолабго Россиялдаго гIадин, Дагъистаналдаги политикиял партиязул букIана жигараб гIахьаллъи. Цо мандаталъулал киналниги округазда бергьенлъи щвана «Цогояб Россиялъе». Республикаялъул цогояб округалда рищиял гIуцIун рукIана партиязул сияхIазда рекъон. Цереккунисел баяназда рекъон, ккана гьадинал хIасилал: «Цогояб Россиялъе» щвана гьаркьазул 74-гIанасеб процент, «РитIухъаб Россия» – 12%, КПРФ – 11%. ХутIарал партиязухъа бажаричIо гьаркьазул кIиго проценталдаса тIаде рахине. Гьединлъидал республикаялъул парламенталда рукIине гьечIо гьезул вакилзаби»*, - ян бицана гьес.

Дагъистаналъул парламенталда (Халкъияб Собранияльда) вукIуна 90 депутат. *«Россиялъул цогидал субъектазде дандеккун, бищун гIемер депутатал руго нилъер. Гьедин гьабуна, щибаб миллаталъулги муниципалитеталъулги вакилзаби парламенталда рукIине кколин абураб пикруялъул кьучIалда»,* - ян баян кьуна **Э. Уразаевас.**

Партиязул сияхIазда гъорлъ гьечIел, ай цо мандат кьолел округаздаги рищана Пачалихъияб Думаялде депутатал. МахIачхъалаялъул №10 округалда ругел избирателазул 82,37 проценталъ божилъи гьабуна лъабцIул «Орден Мужества» абураб шапакъаталъе мустахIикълъарав СВОялъул гIахьалчи, ДРялъул сахлъи цIуниялъул министрасул заместитель МухIамад Валиховасде. Буйнакскиялъул №11 округалда вищана НурбахIанд НурбахIандов (гьесие щвана гьаркьазул 82,53%) ва Дербенталъул №12 округалда – Хизри Абакаров (89,80%).

Макъала хIадурулаго, республикаялъул Рищиязул комиссиялъ загьир гьаруна гьадинал хIасилал. Пачалихъияб Думаялде кандидатура лъурал депутатазда гьоркьор, гьаркьазул 92,22 процентги щун, бергьана «Цогояб Россия». Гьелда хадур руго: «РитIухъаб Россия» (2,69%), КПРФ (2,45%), ЛДПР (1,45%), «ЩIиял гIадамал» (0,37%), «Россиялъул коммунистал» (0,13%), «Социалияб ритIухълъи цIуниялъе гIоло Россиялъул пенсионеразул партия» (0,11%), «ВатIан» (0,11%), «ГIурччинал» (0,11%) ва «БитIахъеяб демократиялъул партия» (0,08%).

Кавсарат СУЛЕЙМАНОВА

Россия ва Германия: рищиязул хIасилал

Щибаб улкаялда рищиял тIоритIиялъул руго жиде-жидер хаслъаби. Масала, гьал къоязда Россиялда тIоритIана рищиял. ГьабсагIаталда ругел баяназда рекъон, Россиялъул Пачалихъияб Думаялде ин мурадалда рищиязда гIахьаллъарал партиязда гьоркьоб цебесеб кьерда буго «Цогояб Россия» партия. КПРФ буго кIиабилеб бакIалда, ЛДПР - лъабабилелда, хадуб «ЩIиял гIадамал» ва «РитIухъаб Россия». КъватIисел улкабаздаса кигIан хIинкъаби кьуниги, рищиязе сунцаго квалквал гьабичIо. Цо мандаталъул 228 округалдасан «Цогояб Россиялъул» кандидатал унел руго 208-ялдасан.

ГIуцIа-къан, рохалилаб ахIвал-хIалалда рищиял тIоритIана Дагъистаналдаги. Ругел баяназда рекъон, гьезулъ гIахьаллъи гьабуна халкъалъул 96 проценталъ. Рищана Россиялъул Пачалихъияб Думаялде, республикаялъул Халкъияб Собранияльде ва муниципалиял гIуцIабазде депутатал.

Гьебго заманалда, ай 20 сентябралда «земельниял рищиял» тIоритIана Германиялдаги. Гьел ккола немцазул федералиял ракьазул (нилъеца субъекталин абулел бакIазул) парламентазде гьарулел рищиял. Щайгурелъул гьезул щибалъул буго жиндирго парламент ва хIукумат. Германия гIуцIун буго гьединаб 16 «ракьалдасан». Гьез жидецаго хIукму гьабула кида ва кигIан заманалъ (гIадатлъун билълъухъе 4-5 соналъ) гьенире депутатал рищилелали.

Рищиял уна округазда - мажоритарияб, партиялъул гIуцIабаздасан ва пропорционалияб къагIидаялда. Гьел рищиязда цIикIкIун гьаркьал щварал ракьазул рес букIуна гIаммал федералиял рищиязда (ландтагалде) жидер депутатал гьенире иналдалъун гьениб цIикIкIун бакIал кквезе. Ландтагалде рорчIизе ккани, гьез хIаракат бахъизе ккола гьаркьазул бищун гIодобегIанаб 5 процент щвезе. ЦIикIкIун гьаркьал щвараз (жибго жиндаго чIун яги цогидаб партиягун цадахъ лъугьун) гIуцIула жидерго «ракьалъул» хIукуматги.

Федералияб даражаялда тIасияб палаталъун кколеб Бундесраталда щибаб «ракь» бихьизабун букIуна жиде-жидер хIукуматалдалъун. Гьезда гIицIго Бундесраталдасан кIола федералиял законал къабул гьариялъулъ гIахьаллъизе, ай налогазул, бюджетазул, административиял суалазда хурхун гьарулел хIукмаби къабул гьарулаго, жидерго мурадал цIунизе.

Гьединлъидал «ракьалъулал» рищиял ккола федералияб хIукуматалдехун халкъалъул бугеб бербалагьи матIуялъуб гIадин бихьизабулеб тадбирлъун.

Гьел рищиязда Германиялда нухмалъулеб партия къуни, гьеб ккола улкаялъул канцлерасда божилъи гьечIолъиялъул мухIканаб гIаламат. Гьелъ Бундесраталда жанир ругел къуватазулъ кIудиял хиса-басиял гьарула ва канцлерасул политика гIумруялде бахъинабиялъе квалквал гьабула. Гьединлъидал, гIадатлъун билълъухъе, канцлер хIалтIудаса нахъе ине ккола. Гьедин ккана цересел рищиязда Олаф Шольцил къисматги.

Амма канцлер Мерцица нухмалъи гьабулеб Христиан-демократияб союз (ХДС) рищиязулъ къуниги, Россия рихарав гьесие бокьун гьечIо хъулухъ тезе. Щугоялъул бакIалда гьезие щвана 4,9 процент гьаркьазул. Гьеб ккола цере рукIарал рищияздаса щуго нухалда дагьаб гьаркьазул къадар.

38,2 процентги босун, рищиязда бергьана «Альтернатива для Германии» (АдГ) абураб партия.

Мерцил союз рищиязда къеялъе гIилла бихьизабулеб буго, цо бугони – экономикаялъул нахъеккей ва гьес гьарулел реформабаздаса халкъ рази гьечIолъи. Гьесул къимат гIодобе ккун буго 10 проценталде щвезегIан.

КIиабизе – Германиялъул халкъалъул социалияб рахъалде кIварги кьечIого, Украинаялъул рахъги ккун, гьезие кумек гьаби ва Россиялъулгун рагъде хIадурлъи ва гIемерал цогидалги гIиллаби. Гьесулго партиялъул членаз абулеб буго гьес партия тIубанго тIинде цIанилан.

Немцазул хьул буго гьев 2026 соналъул ахиралда нахъе иналде.

Нилъецаги божилъи гьабула киналниги бутIабазде дагъистанияз рищарал депутатаз халкъалъул гIумру лъикI гьабиялда тIад ракIбацIцIадаб хIалтIи гIуцIиялда.

Зикрула ИЛЬЯСОВ,
рищиязда хадуб жамгIияб халкквеялъул
регионалияб штабалъул член

Рищиял, депутатал ва халкъалъул хьулал

18, 19 ва 20 сентябралда тIоритIарал рищиязде буссун букIанин кинабго кIварин абуни мекъи ккеларо. Лъабабго къоялъ республикаялъул тIолалго шагьаразда ва районазда сагIат микьго тIубаралдаса къаси микьго тIубазегIан рищиязул участокалде рачIунел гIадамазул къадар гьоркьоб къотIичIо.

Гьаракь кьезе рачIана гьитIиналги кIудиялги, хералги, бахIарал гьарурал рос-лъадиги, СВОялда хъулухъ гьабулел гIолохъабиги, гIухьбиги, чотIахъабиги, хIатта туристалги.

Лъабабго къоялъ республикаялда тIоритIарал рищиязул хIасилал гьаруна 21 сентябралда, гьезда хадуб хал кколеб регионалияб централъ (гьелъул хIакъалъулъ цIализе бегьула лъабабилеб гьумералда). Гьаб макъалаялда данде гьарун руго рищиязул къоязда республикаялъул шагьаразда ва цIикIкIун магIарул районазда рищиязул участоказдаса лахIзатал.

Щукин, Рамазанов ва гьел гурелги

Рищиязул тIоцебесеб къоялъ Дагъистаналда рагьун букIана 1725 рищиязулаб участок.

Радалго МахIачхъалаялъул участоказул цоялъуб гьаракь кьуна республикаялъул нухмалъулесул ишал тIуралев Фёдор Щукиница. Гьоркьоб заман ун хадуб гьев щвана рищиязда хадуб халкколеб республикаялъул ЖамгIияб Палатаялда цебе рагьараб ЖамгIияб халкквеялъул централде. Халгьабуна хIалтIи унеб къагIидаялъул, дандчIвана гьелъул хIалтIухъабигун. РакIалде щвезабуна гьалдаса 25 соналъ цере рищиял тIоритIулеб заманалда рищиязул участокалда живго хIалтIулев вукIараб мех. ГIезегIан захIматаб, свак тун хIалтIизе кколеб хIалтIи бугин гьеб рищиязда хадуб халкколел чагIаз гьабулеб тадбирин абуна Ф. Щукиница.

18 сентябралда МахIачхъалаялда ДГУялъул минаялъуб рагьараб рищиязул участокалде вачIун гьаракь кьуна республикаялъул хIукуматалъул нухмалъулев МухIамад Рамазановас. Федералиял телеканалазе рищиязул къоялда хурхун жиндирго пикруги загьир гьабуна гьес.

МахIачхъалаялъул цогидаб рищиязул участокалде гьаракь кьезе вачIана тахшагьаралъул нухмалъулев Жамбулат Салавовги. Гьесги бицана журналистазе гьеб къоялъул кIваралъул, кинавго чияс рищиязда гIахьаллъи гьабизе ккеялъул.

Казбек, БежтIа ва Гумбет

СагIат микьго тIубараб мехалъ рищиязул участокал рагьана республикаялъул киналго районазул росабалъ.

Жиндирго сакъатлъиялъухъ балагьичIого, рищиязул тIоцебесеб къоялъ гьаракь кьуна Казбек районалдаса Муслим Эмечовасги.

Муслим ккола районалъул нухмалъулев ХIажимурад Мусаевасул жамгIияв кумекчиги. Гьединал мисалаз цIакъго чIаго гьабунин абизе бегьула рищиязул тIоцебесеб къо.

МагIарулазул бищун рикIкIада ругел мухъазул цояб, БежтIа участокалда рищиязда гьаракь кьуна росулъ бищун цIикIкIараб ригьалъул МухIамад ГIалиевас.

Гумбет районалъул ЧIикь участокалда гьаракь кьуна спорталъул ветеран, гIемерал къецазда бергьенлъи босарав Гъайирбег ГIалиасхIабовас. Гьесул буго 84 сон.

Гумбет районалъул Бакьулъ Гьарадерихъа ХIамид МухIамадов рищиязул участокалде вачIана жиндирго божараб гьудул ва кумекчилъун бугеб чодаги рекIун. ХIамид ккола вехь. Гьединлъидал магIарда, гIияда вугеб механалъги, гьединго сапаралъ ине ккараб бакIалдаги жиндаго аскIоса батIалъуляреб гьудул чуги рекIун вачIана гьев гьаракь кьезе. Жиндирго хважаин къватIиве вачIинегIан чIун букIараб чуялъеги квеш ккечIо. Гьеб кваназабуна рищиязул участокалда рукIарал волонтераз.

Рищиязул тIоцебесеб къоялъ къанун хвезабурал хIужаби яги гIадлунизам гьечIолъи кибниги халлъичIо.

Улкаялъул регионазда рищиязда хадуб халккун букIана 381 341 чияс.

КIиабилеб къо. ГьитIичазул концерт ва херазул чIаголъи

Рищиязул кIиабилеб къоялъ чIаголъи бихьизабуна нусилъе сонал рахунел харабаз.

МахIачхъалаялдаса 95 сон барай Полина Фильчаковалъги кьуна жиндирго гьаракь. Лъицаниги кумек гьабизе ккечIого, жийго ячIана гьей рищиязул участокалде ва гьелъул хIалтIухъабазде ва рищиязул къоялде гьабураб жиндирго кечI рикIкIана.





Полина Фильчакова гьаюна Одесса шагьаралда. КIудияб ВатIанияб рагъул заманалда къисматалъ ячана Дагъистаналде ва гьанийго хутIана гIумру гьабун. ГIемерал соназ хIалтIана Радиотоваразул заводалда, гьанже мустахIикъаб хIалхьиялда йиго.

Гьединабго мисал бихьизабуна БежтIа участокалъул Гьунзиса ГIалиев ГIабдулацаги. Исана 15 июлалда гьес бана 95 сон. Амма гIолохъабазеги мисалияб къагIидаялъ, къамартIго рищиязул участокалдеги вачIун, гьаракь кьуна гьес. Гьесдаса разиго хутIана рищиязул комиссиялъул хIалтIухъабиги.

Жалго херлъаниги, ракI бахIарго ругел чагIаз берцин гьабула нилъер гIумру.

Рохалилаб ахIвал-хIалалда байбихьана рищиязул кIиабилеб къо Хунзахъ районалдаги. Радалго ТIагьада росулъ бугеб рищиязул участокалде рачIана ясли-ахалдаса гьитIичал ва жидерго кьурди сайигъат гьабуна рищиязул хIалтIухъабазе ва гьаракь кьезе рачIарал росуцоязе.

Ралъдал гьумералдаса 2000 метралдаса борхалъуда бугеб Болъихъ районалъул ЦIибилтIа росулъги рагьана рищиязул участок.

ЦIибилтIа ккола Болъихъ районалъул бищун рикIкIада ва рахине нухги захIматаб бакIалда буго геб росу. Гьенир руго килщазда рикIкIинегIанасел, хъвай-хъвагIай гьабурал, гьаркьал кьезесел чагIи. Гьенир накIкIал рукIуна гIадамазул минабаздаса гъоркьегIан, бигьаяб нух гьечIо гьенире ине.

Амма гьенireги рахана рищиязул комиссиялъул хIалтIухъаби ва, рукърукъалъубе бюллетенал рехулеб къалиги баччун, рищиязул тадбир гIуцIана.

СВОялъул гIахьалчагIи, UFCялъул экс-чемпион ва цоги нухалъ хараби

Унсоколо районалъул МокIсохъ ккола ралъдал гьумералдаса 2000 метралъ борхалъуда бугеб росу. Гьенибги тIадбан унеб букIана рищиязул тадбир. Лъабабго къоялъ гъеж гурун, свакги къезабун хIалтIана рищиязул комиссиялъул хIалтIухъаби.

Рорхатал мугIрузда руго гIадамал, гьабулеб ишалъулъ кIвахI къезабулел.

ЧIарада районалда рищиязда гьаркьал кьезе рачIана СВОялда хъулухъ гьабулел гIолохъабазул эбел-эмен. Киналго цо гIадин, жиде-жидер рищиязул участокалде рачIана гьел.

Рищиязул къоялъ чIагояб мисал бихьизабуна БежтIаса СВОялда ругел гIолохъабаз. Отпускалъ рокъор рукIаго, хъизамалгун цадахъ рачIун рищиязда гIахьаллъи гьабуна гьез.

UFCялъул вукIарав чемпион МухIамад Анкалаевги гIагараб росулъ рищиязда гIахьаллъана.

Унго-унгояб патриотизм гьеб гIицIго берцинал рагIаби гуреб, гьелъие гIоло нилъеца гьарулел ишал ругеблъи бихьизабуна Анкалаевас. Гьес гьаракь кьуна ТIелекь росулъ, N1710 УИКалда. Гьевгун цадахъ рукIана росдал гIолилазул церехъабиги.

Гумбет районалъул Бакьулъ Гьарадерихъ росулъа 96 сон барай Муъминат ИбнухIажаровалъ рокъосанго кьуна гьаракь.

Муъминат ккола КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчиясул лъади. Рищиязда гьаракь кьезе хIажатабщинаб къайиги босун, пенсионаралъухъе рачIана избиркомалъул вакилзаби.

Казбек районалда 90 сон барав ДАССРалъул мустахIикъав агроном Шиявдин Яндаевасги рищиязда гьаракь кьуна. Гьев гIумруялъ захIмат бихьун хIалтIана гIагараб ракьалда, ва, ригьалде вахарав чи вукIаниги, гьесие жиндирго ВатIаналъул къисматалъул ургъел буго.

Гьебго районалда рищиязул участокалда аваданлъи гIуцIана «бахIараз». Цебего рехун тараб гIадат цIигьабун, бахIаразул ретIелги ретIун рищиязул участокалде рачIарал гьаркьал кьолез, рекIелгъеялъул номер сайигъат гьабуна гьенир рукIаразе.

Ашахан ЮСУПОВ

Умумузул ирс - наслабазе дарс

Ихдал рарал чваххунцIадаз хвезарурал нухазда сверухъ бугеб ахIвалхIал жеги роцIун гьечIолъиялъги, ахираб заманалда росулъ чанго къварилъи ккеялъги, хIалтIул къо букIиналъги цо-цо хаслъи кьуниги, 16 сентябралда Сугъралъ, ХицIиб майданалда тIобитIараб тадбир ана гIезегIан лъикIаб хIалалда. ГIалибег Тахо-Годил цIаралда бугеб миллияб музеялъул ва росдал жамгIиял жигарчагIазул хIаракаталдалъун гIуцIараб гьеб тадбир хурхинабун букIана Дагъистаналъул халкъазул цолъиялъул къоялда ва ана гIелмиябгун практикияб семинар хIисабалда.



Гьелъул букIана кIиго бутIа. ТIоцебесеб тIобитIана росдал гьоркьохъеб школалда. Гьенир школалъул педагогалгун ва цIалдохъабигун дандчIвана миллияб музеялъул, пачалихъияб архивалъул, ДИРООялъул (Дагъистаналъул лъай кьей цебетIезабиялъул институт), мацIалъул ва литератураялъул, тарихалъул, археологиялъул ва этнографиялъул институтазул гIелмиял хIалтIухъаби, тарихчагIи. Гьез бицана дол соназда Дагъистаналда букIараб хIалалъул, Надир-шагьасул боязулгун ккарал рагъазул, ХицIиб майданалда дагъистанияз босараб бергьелъиялъул бугеб кIвараллъул хIакъалъулъ. Суалазе жавабал кьолаго, рехсана гIемерал хIужаби, загьир гьаруна церехун лъалел рукIаралги цIиялги баянал.

КIиабилеб бутIа нухда тIамуна дагъистаниязул цолъарал къуватаз 1741 соналда Надир-шагьасул аскаралда тIад бергьенлъи босараб ХицIиб майданалда 2004 соналда, «Дагъэнерго» гIуцIиялъул генералияв директорлъун вукIарав ХIамзат ХIамзатовас бараб «ВатIан» мемориалияб комплексалда. Гьенир рукIана Сугъралъа хIаракатчагIазул, гIемерал росабалъа вакилзабазул кIалъаял ва ХIамзатовасул гIумруялъул, хIалтIул хIакъалъулъ дагьаб цебе «Эпоха» басмаханаялъ къватIибе биччараб «Созидатель» тIехьалъул цебелъей. Гьенибго гIахьалчагIазе чIезабун букIана миллияб квенги.

ГIахьалчагIазда гьоркьор рукIана ДРялъул Халкъияб Собраниялъул депутатал, Гъуниб районалъул депутатазул собраниялъул ва районалъул росабазул имамзабазул советалъул нухмалъулел, имам Шамилил цIаралда бугеб фондалъул президент, росабазул бегавулзаби, «АхIулгохI», «Вацлъи» ва цогидалги гIуцIабазул вакилзаби, жамгIиял хIаракатчагIи. Киназулго кIалъаязулъ аслияб бицен букIана нилъер миллаталъ (цогидалгун цадахъ) бихьизабураб цолъиялъул, гъункиялъул, бахIарчилъиялъул, гьеб ирс лъазе ва гIолохъанаб гIелалъухъе кьезе ккеялъул. Гьелда цадахъго кIвар кьуна гIадат-гIамал, рахьдал мацI кIочон теялда бугеб хIинкъиялде, гьел цIунизе тIадаб букIиналде. Гьезул цо-цоязда гьарана пикраби загьир гьареянги.

МахIмуддибир Каримов, ДРялъул Халкъияб Собраниялъул депутат:

- Жакъа нилъее кутакалда хIажат руго гьадинал тадбирал. ГIадада гуро ХIамзат ХIамзатовас гьаниб бараб комплексги, гьанисан байбихьараб гIемераб цогидабги. Нилъер умумузул гIумру-магIишатги, гьезул тарихги, рукIа-рахъинги, гIадатгIамалги, мацIги дагь-дагьккун кIочон толеб буго. ТечIого букIине ккани, чара гьечIого къваригIуна гьадинал тадбирал. Умумул реццун гIоларо, гьезул нухдасан ине лъазеги ккола. Гьале гьадинал ишаз цIикIкIинабула нилъер гъунки, гьудуллъи, гьуинлъи.

Дун вукIана жакъа гьаниб эхетизе бакIго букIинарин, гIемерал гIадамал рукIинини абун. Цересел соназ гьедин букIиндалха. Гьоркьоб заман иналъги батизе бегьула, дида дагьаб чучлъун бихьана гьединаб бербалагьи. Кин бугониги, дица гьаб иш рикIкIуна лъикIаблъун, хадубккунги гьабичIого гIолареблъун. Гьадинаб данделъи тIобитIизе ккола щибаб соналъ, цIигьабизе ккола кинабго, гьанире ахIизе ккола щибаб росдал вакилзаби.

Пахрудин МухIамадов, республикаялъул Тахо-Годил цIаралда бугеб миллияб музеялъул генералияв директор:



- Дунги гьаб районалдаса ва гьанив хIалтIарав чи вугелъул, ккаратараб гIезегIан лъикI бичIчIула, лъала. ТIоцебе рехсезе бокьун буго цо хIужа. КIудияб къокъагун цадахъ, Россиялда вугев Ираналъул посол вачIун вукIана МахIачхъалаялде, гьел щвана музеялдеги. Музеялда буго Надир-шагьасулгун ккарал рагъазул хIакъалъулъ бицунеб, гIемерал экспонатал ругеб чанго зал.

БАЯН:


Дагъистаналъул халкъазул цолъарал къуватаз 1741 соналда Надир-шагьасул боязда тIад ХицIиб майданалда бергьенлъи боси букIана ДРялъул президент МухIамадсалам МухIамадовасул указалда (2011 соналъул 6 июль) рекъон, 15 сентябрь Дагъистаналъул халкъал цолъиялъул къолъун лъазабиялъе аслияб гIилла. Гьелдаса хадуб гьеб кIудияб байрам республикаялда кIодо гьабула щибаб соналда. Рагъ ккараб бакIалда бан бугеб «ВатIан» мемориалияб комплексалдаги 2012 соналдаса нахъе тIоритIула гьелда хурхарал тадбирал.

Гьебги, жакъа нилъер пачалихъалъулги Ираналъулги ругел лъикIал бухьеналги хIисабалде росун, нижер хIалтIухъаналда дица абуна Надир-шагьасулгун ккаралъул хIакъалъулъ дуца гьезда дагьаб тамахго, рекъезабун бицеян. Гьелъги цIакъ магIнаялда гьабуна гьезие экскурсия. Посоласда кинабго бихьана ва бичIчIана. Аслияб хIалтIиги лъугIун, хабар-кIалалда ругеб заманалда, гьес дида гьарана музеялъул цо эркенаб рукъ хIалтIизабизе жидехъе кьеян. Дицаги абуна гьеб

> Гьаб гIелмиябгун практикияб семинар тIобитIиялъулги буго гьебго мурад - тарих лъай, гьеб цIуни. РукIана лъикIал кIалъаял, кинабго ана цIакъ берцинго. КIудияб магIна букIана росдал школалда гьеб тIобитIиялъулги - нилъеца гьабулеб кинабго хIалтIул мурад буго тIаде гIолеб гIелалда гьеб бичIчIи, лъай, гьезие патриотикияб тарбия щвей.


бигьаяб суал гурин, гьелда тIад хIалтIизе заман кьеян. КIиго анкьидаса нижехъе ахIун бачIана МИДалдаса (Дагъистаналда бугеб гьелъул вакиллъиялдаса ва культураялъул министерствоялдаса), нужее кьезе ругин гьанжесеб Иран бихьизабизе экспонатал, батейин рес гьезие цо рукъ кьезе абун. Кьуна рукъги, лъуна гьенир экспоналги. Гьелдаса хадуб нахъеги вачIана посол, гьесда бихьана кинабго ва дида ккола гьев разиго хутIанин абун. Нилъго гIадин гъолги руго къвакIарал рагъухъаби, нилъецаго гIадин дозги цIунула тарих. Амма кинабго букIине ккола бугеб хIалалда. Щиб хисаниги, хисизе бегьуларо тарих. Гьеб бичIчIула нилъедаги доздаги.

Гьаб гIелмиябгун практикияб семинар тIобитIиялъулги буго гьебго мурад - тарих лъай, гьеб цIуни.



РукIана лъикIал кIалъаял, кинабго ана цIакъ берцинго. КIудияб магIна букIана росдал школалда гьеб тIобитIиялъулги - нилъеца гьабулеб кинабго хIалтIул мурад буго тIаде гIолеб гIелалда гьеб бичIчIи, лъай, гьезие патриотикияб тарбия щвей.

ХIажимурад МуртазагIалиев, «Вацлъи» гIуцIиялъул правлениялъул член, жамгIияв хIаракатчи:



- Официалияб къагIидаялда гьаб байрам чIезабилалдего нижер къокъаялъ хIаракат бахъана гьелде хIадурлъиялъул хIалтIи гьабизе, чанго нухалъ щвана комплексалде, гьанир тIоритIана батIи-батIиял данделъаби, ракана «Сигналиял цIаял», борхана байрахъ. Нижеца хIадурараб программа кьуна ХIамзат ХIамзатовасухъе, гьес гьеб цIалана Дагъистаналъул халкъазул Съездалда ва гьесул хIаракаталдалъун гьеб къабулги гьабуна. Гьелъул кьучIалда къватIибе бачIана президентасул указ ва 15 сентябрь лъазабуна тIолгодагъистаниязул байрамлъун. Гьаб буго цIакъ хIажатаб тадбир. Амма тIобитIизе ккола дагьаб гIатIидго, тIолабго Дагъистаналъул даражаялда.

МахIач Мусаев, тарихалъул, археологиялъул ва этнографиялъул институталъул гIелмияв хIалтIухъан:

- Жакъасеб семинаралда гIахьаллъана цIар бугел гIалимзаби ва тарихчагIи. РукIана цIакъ лъикIал, гъваридал кIалъаял, пайдаял дандчIваял. Щибаб суалалъул рукIунелъул чанго рахъал, дидаги лъана гIемераб цIияб, загьирлъана баяналгун хIужаби. Гьаб буго тарихияб бакI, киналго дагъистаниял гIахьаллъарал дол рагъазулъ нилъер умумуз бихьизабуна хIакъикъияб цолъи ва бахIарчилъи. Нилъеца нилъер тарихги умумулги кIодо гьаричIони, ирсилаз нилъееги лъикIаб къимат кьеларо.

ГIабаш ГIАБАШИЛОВ

Къварилъи ккаразе хІалай ратулел

2012 соналдаса нахъе Москваялда хІалтІулеб буго «Мега-Дом» абураб захІматаб хІалалде ккарал гІадамазе кумек гьабиялъул мурадалда гІуцІараб рахІмуялъулаб фонд. Гьелъул президент ккола ЧІарада районалдаса Тажудин Исрапилов.

Фондалъ кумек гьабула захІматаб хІалалде ккарал гІадамазе: лъимал гІемерал хъизамазе, херал, хадуб хъулухъ гьабизе чи гьечІого хутІарал гІадамазе, инвалидазе: гьезие кьола гІарцул грантал, рокъоре щвезарула кванил нигІматал, ретІел, дараби ва гь.ц.



«Мега-Домалъ» гІумруялде рахъинарула социалиял проекталги. Масала, гІуцІула херал кваназарулел, гьел къад хьихьулел централ, ресукъал гІадамазда компьютер малъиялъул курсал, гьарула чиякъал гІадамазул ракІгъезабулел тадбирал.

РахІмуялъул тадбиразул цояблъун ккола СВОялда хварал нилъер рагъухъабазул хъизамазда кверчІвайги. Рагъулаб операция байбихьаралдаса нахъе, «Эбелалъул гьими» абураб халкъазда гьоркьосеб фондалъулгун цадахъал тадбирал гІуцІула «Мега-Домалъул» нухмалъулез. Рехсараб фондалъул учредительлъунги вуго Тажудин Исрапилов. Кумек гьабула Москваялда гуребги, тІолабго улкаялда гІумру гьабулел гІадамазе. Бесдаллъималазе тІоритІула байрамал, мастер-классал, концертал. Россиялъул цІиял регионазда гІумру гьабулезе квербакъула рагъулал лъугьа-бахъиназул хІасилалда минабаздаса махІрумлъаразе рукъзал разеги цІигьаризеги.

Гьединал социалиял проектал гІумруялде рахъинарула Дагъистаналъул мустахІикъай художник Шагьри ТахІнаевалъул нухмалъиялда гъоркь. Дагьалъ цебе «ХІакъикъаталъ» бицун букІана Дербенталдаги Хунзахъги тІоритІарал гьелъул суратазул выставкабазул хІакъалъулъ. Дербенталда церелъун рукІана тІабигІаталъулги, Дагъистаналъул мугІрузулги, ралъдалги рахъарал суратал. Хунзахъ рихьизаруна мугІрузул тІабигІаталъулги, сиязулгун росабазулги ва Кавказалъул къанагІатал хурдузулги рахъарал суратал. Буго Ш. ТахІнаевалъул «ПатІиматил нух» абураб проектги. Гьелда цолъизарун руго искусствоялъул кумекалдалъун Дагъистаналъул чІужугІаданалъул дунял рагьулел суратал. Гьеб выставка тІобитІана Расул ХІамзатовасул цІаралда бугеб Москваялъул №16 библиотекаялда.

БахІарзазул цІарал даимлъизари

2025 соналъул сентябралда Мурманск областалъул ХІажиево шагьаралда рагьана Совет Союзалъул БахІарчи МухІамад ХІажиевасе бараб памятник. Гьеб рагьиялъеги квербакъана «Мега-Домалъ». Ракьцоясул цІар даимлъизабизе кколин абураб Т. Исрапиловасул пикруялъул рахъги ккун, «Дагъистаналъул патриотал» ЖамгІияб советалъги (гьелъулги президент ккола Т. Исрапилов), ХІажиевасул цІаралда бугеб фондалъги, «Мега-Домалъги» кІудияб хІалтІи гьабуна.

Дагъистаналъул маданияб нахърател цІуниялъул, гьеб цебетІезабиялъул ва машгьурлъизабиялъул мурадалда хІалтІи гьабула «Мега-Домалъ». Рехселин цо-цо тадбирал. Фондалъул хІаракаталдалъун Пачалихъияб Думаялда тІобитІана 1999 соналда Дагъистаналъул ополченцазул хІаракаталъул хІакъалъулъ бицараб дандеруссин.

Умумузул кьалбаздалъун ватІаналде рокьи куцай

«Дир умумузул кьалбал» абураб фондалъ санайил тІобитІула ТІолгороссиялъул конкурс. Рехсараб фондалъул генералияв директорлъун вуго Иван Кульнев, председательлъун – шахматазул рахъалъ дунялалъул чемпион, РФялъул Пачалихъияб Думаялъул депутат Анатолий Карпов. Конкурсалъул мурад буго гІолилазе тарбия кьей ва хъизамалъул бухьенал щулалъизари. Т. Исрапилов дандчІвана гьеб фондалъул генералияв директоргун ва цебелъуна проекталдаги конкурсалдаги Дагъистаналъул цІалдохъабиги гІахьал гьариялъул масъала.

«Дир умумузул кьалбал» конкурс тІобитІула «Щулалъизабила хъизан – щулалъизабила Россия» абураб ахІиялда гъоркь. Гьенибе битІулеб проекталда цІалдохъабазги студентазги бихьизабизе ккола жидерго тухум-кьибилалъул гьабураб цІех-рех. Анкьумумузул цІаралги рехсон, хъвазе ккола щивас гьабулеб букІараб хІаракаталъул ва щварал шапакъатазул хІакъалъулъ баянал. Проекталда цадахъ лъезе ккола сураталгун документалги. Хъизамалъул хІакъалъулъ баянал ракІарулаго, гІолилаз лъазабула тухумалъулги, гІагараб ракьалъулги ва кІудияб улкаялъулги тарих, гьезулъ куцала ватІаналде рокьи, умумузул ишаздаса чІухІи. Конкурсалъул буго ункъо бутІа: школалъул, муниципалияб, регионалияб ва федералияб. Гьеб байбихьула сентябралда ва хІасилал гьарула маялда. 2026 соналъул байбихьуда гьелда гІахьаллъана улкаялъулго регионаздаса (гьезда гьоркьор – цІиял субъектаздасаги) 17 азаргоялдаса цІикІкІун цІалдохъангун студент.

2022 соналда рехсараб конкурсалда гІахьаллъана ва дипломазе мустахІикълъана Рутул районалъул Кини росдал школалъул цІалдохъаби. Исана февралалда гьелда гІахьаллъана Гъизляр шагьаралдасагун районалдаса ва Хасавюрт районалдаса 32 финалист. Гьезие шапакъатал кьезе Дагъистаналде рачІун рукІана проекталъул генералияв директор Иван Кульнев ва Анатолий Карповасул яс Софья.

Конкурсалъул буго ункъо номинация: «ВатІаналъул тарихалда дир хъизан», «Нижер хъизаналъул бахІарчи», «Нижер халкъалъул бахІарчи» ва «Дир хъизан – дир бечелъи». Конкурсалъул гІахьалчагІазе кьола дипломал ва бергьаразе –сайгъатал.

КІудияв шагІирасул кумекалдалъун

Дагъистаналъул маданияб бечелъи цІуниялъеги гьеб машгьурлъизабиялъеги гІемераб хІалтІи гьабула фондалъ. Гьелъул хІаракаталдалъун Москваялда, Р. ХІамзатовасул цІаралда бугеб №16 библиотекаялда, «Расуловские чтения» абураб цІаралда гъоркь гІуцІула поэзиялъул сардал. Гьенир цІалула гІурусги Дагъистаналъул халкъазулги мацІазда кучІдул. 2024 соналъул сентябралда рехсараб библиотекаялда рагьана «Расул ХІамзатовасул рукъ». Гьеб рагьиялъулъ жигараб гІахьаллъи гьабуна «Мега-Домалъул» президент Т. Исрапиловасги Москва шагьаралъул администрациялъги. Гьенир тІоритІула Дагъистаналъул халкъазул мацІазда диктант хъвалъул тадбиралги. «Мега-Домалда» ва библиотекаялда цадахъ гьел гІуцІула «Дагъистаналъул патриотазул» жамгІияб советалъги. Исана сентябралдаги гьениб букІана «ХІамзатовасул къоял. ХъахІал къункъраби» абураб поэзиялъул сордо. Гьелда гІахьаллъана Т. Исрапилов, Ш. ТахІнаева ва шагІирасул вацасул вас ХІажи ХІамзатов.

ГІаммаб къагІидаялда абуни, «Мега-Домалъул» хІаракат буссинабун буго маданияб ирс цІуниялде, патриотал куцаялде ва Дагъистаналъул политикиялгун жамгІиял хІаракатчагІазул цІар даимлъизабиялде. Гьелъул мурадалда Т. Исрапиловас щулияб бухьен ккола жамгІиялгун (ХІамзатовасул, ХІажиевасул фондал) пачалихъиял идарабазулгун (Пачалихъияб Дума, ДРялъул Халкъияб Собрание, Москва шагьаралъул администрация). Москва областалда буго «От сердца к сердцу» абураб гІуцІи. «Мега-Домалъ» гьелъулгун цадахъалги гІуцІула тадбирал. Аслияб къагІидаялда гьел рукІуна лъималинвалидал хьихьулел хъизаназе яги гІолохъанал инвалидазе кумек гьабиялда хурхарал ишал.

Т. Исрапиловасул хІаракаталда хасаб бакІ ккола «Наркотиказдаса цІунарал лъимал» абураб жамгІияб гІуцІиялъул хІалтІиялъ. Гьеб гІуцІиялъул аслияб мурад буго нилъер гІолеб гІел заралиял пишабаздаса рикІкІалъизари ва пайдаял ишазде машгъуллъизари.

Гьанир рехсана «Мега-Домалъ» тІоритІулел тадбирал. Гьел гІуцІизеги рахІмуялъул кумек гьабизеги хІажалъула гІарцулал сурсатал. Аслияб къагІидаялда меценатлъи гьабула Тажудин Исрапиловас: социалиял гьиназда нижеда ратана гьелъие нугІлъи гьабулел гІемерал хъвай-хъвагІаял. Аллагьас хадубккунги квербакъаги «Мега-Домалъул» хІаракаталъе.

Кавсарат СУЛЕЙМАНОВА



РухIияб тарих бечед гьабулеб тIехь

Араб анкьалда МахIачхъалаялда, Расул ХIамзатовасул цIаралда бугеб Миллияб библиотекаялда тIобитIана «Хабар ал-Ангиди» абураб тарихиял хрониказул хIакъалъулъ бицунеб тIехьалъул цебелъей. ЦIумада районалъул Ангъидаса Халилица гIараб мацIалда хъвараб гьелъул гIурус мацIалде таржама гьабуна ГIагараб бакъбаккул улкабазда Россиялъул вакиллъун гIемерал соназ хIалтIарав тарихчи Багьавудин ГIалиевас.

Тадбир нухда бачана филологиял гIелмабазул доктор, ДФИЦалъул ИЯЛИялъул гIалимчи ва «ХIакъикъаталъул» отделалъул редактор АхIмад МуртазагIалиевас.



ТIехь хъваялъе ккарал гIиллабазулги гьелда рехсарал хIужабазул бугеб кIваралъулги хIакъалъулъ бицана Б. ГIалиевас. Гьев ккола кIиабилеб классалъул дипломат, тарихиял гIелмабазул кандидат ва Россиялъул Журналистазул союзалъул член. Пачалихъияб хъулухъалда вукIагоги хIалхьиялде индалги Багьавудиница хъвана чанго монография. Гьесда кутакалда лъикI лъала гIараб ва ингилис мацIал. *«ГIараб мацI лъаялъ дие кIудияб кумек гьабуна Халилил хроникаби гIурус мацIалде руссинарулаго»*, - ян абуна гьес тIехьалъул презентациялда.



Ангъидаса Халилица хроникаялда бицунеб буго 1829-1905 соназда Дагъистаналдаги Чачаналдаги ккарал лъугьа-бахъиназул хIакъалъулъ. Аслияб къагIидаялда гьес кIвар кьолеб буго Шамил имамасул гIумруялдаса цоцо хIужабазулги, имамасул нухмалъиялда гъоркь миллияб эркенлъиялъе гIоло дагъистанияз гьабураб къеркьеялъулги 1877 соналда Дагъистаналда букIараб восстаниялъулги хIакъалъулъ бициналде. Авторас тIехьалда рехсон руго тарихияб гIелмуялда жеги лъаларел гIемерал хIужаби ва бицен гьабулел лъугьа-бахъиназул хIакъикъиял гIахьалчагIазул хIакъалъулъ баянал. Гьелдалъун бечед гьабун буго XIX гIасруялъул тарих.

ЦIияб тIехьалъул хIакъалъулъ пикраби загьир гьаруна «ХIакъикъаталъул» бетIерав редакторасул заместитель Зикрула Ильясовас, экономикиял гIелмабазул доктор, «Интерэкспертиза» абураб Москваялъул Аудиторазул компаниязул къокъаялъул генералияв директор МухIамадрасул МуртазагIалиевас, Дагъистаналъул халкъияв поэт, Шамил имамасул хIакъалъулъ цо чанго тIехь хъварав МухIамад ХIамзаевас, генерал-полковник МухIамад Танкаевасул цIаралда бугеб фондалъул президент ХIасан-ХIусен ГIабдулжалиловас, Шамил имамасул наслуялъул чи МухIамад ХIажидадаевас, хIалхьиялда вугев ФСБялъул полковник Мамед Мамедовас, Дагъистаналъул халкъияй шагIир Сабигат МухIамадовалъ ва цогидаз. Гьез тIадегIанаб къимат кьуна Б. ГIалиевасул хъвадарухъанлъиялъулаб пагьмуялъеги гьесул хIаракаталдалъун щивав дагъистаниясе цIализе рес щвараб хроникиялъеги.

Залалда гIодор чIаразул суалазе жавабалги кьуна Б. ГIалиевас.

Кавсарат СУЛЕЙМАНОВА

Мун гIадал лъугьинчIони, пайда щибха васазул…



Мун гIадал лъугьинчIони, пайда щибха васазул…

МагIарул шагIирасул гьал рагIабазе мустахIикъав вуго Агъвалиса АхIмад Абакаров.

Гьал къоязда рохалил ругьел бачIана ЦIумада районалда гIумру гьабулей дир гьудул Заира ГIалиевалъухъе. Гьелъул яцалъул вас АхIмад Абакаров мустахIикълъун вуго Россиялъул хIукуматалъул стипендиялъе. Гьединаб стипендия кьола цIалулъ ва гIелмияб хIаракаталъулъ жигар бахъулел студентазе.

БитIараб бицани, дирго васасе шапакъат щварабгIанги кутакалда йохана дун! ГIемерисел гIолилал «чIахIиял» гъурщазда хадур хапелеб заманалда, гIелмуялде машгъуллъарав магIаруласул тавакалалъги жигаралъги рекIее лъикIаб асар гьабуна. Гьеб буго нилъер миллаталъулго рохел. Гьединлъидал ракIалде ккана магIарулазеги АхIмадил хIакъалъулъ бицине.

АхIмад гьавуна Агъвали росулъ. ЦIалана Совет Союзалъул БахIарчи Къади Абакаровасул цIаралда бугеб Агъвали росдал гимназиялда. Лъимерлъуда гьесие чанцIулго операцияги гьабизе ккана. Гьоркьоса къотIичIого унтулев вукIиналъ, гьев вачине ккана батIи-батIиял больницабазде. Гьелъ квалквалги гьабуна тIокIлъиялда цIализе гъира букIарав васасе.

«Школаги лъугIизабун, вузалда цIалиялъул хIакъалъулъ хабар ккедал, АхIмадица тIаса бищана медицина. Гьев лъугьана Астраханалъул пачалихъияб медицинаялъул университеталде. Бокьун букIана лъималазул тохтурлъун вахъине. «ГьитIинго унтиялъ кIвекIидал, батIияб махщел тIаса бищизе хиял букIинчIин. Кидаго гъира букIанин гьесул лъималазул унтабазде данде къеркьезе, гIазабалъукьа лъимал рахъизе», - ян бицана Заираца.

АхIмад цIализе лъугьана медуниверситеталъул педиатрияб факультеталде. Жигаралда цIалулевги вукIана ва исана, 2026 соналда гьес тIокIлъиялда лъугIизабуна университет ва гьесие щвана багIараб диплом. Гьесулгун телефоналдасан бухьен гьабидал, гьадин бицана АхIмадица: *«Исана дун цIализе лъугьана академик И.И. Дедовасул цIаралда бугеб Эндокринологиялъул гIелмиял цIех-рехал гьарулеб медицинаялъул централде. ТIаса бищана «Лъималазул эндокринология» абураб махщел. Ординатура лъугIун хадуб, Аллагьас хъван батани, ракIалда буго дунго цIалараб вузалда преподавательлъун хIалтIизе. Педагогасул махщелги бокьула дие, щайгурелъул дир эбел, эбелалъул яц, кIудияй эбел ва кIудияй эбелалъул эмен ва инсул эменги рукIана учительзабилъун. Нижер хъизанго педагогазул хъизан бугилан абизе бегьула»*, - ян.

ТалихIаб батаги анищ тIубазе тIамураб АхIмадил гали. Икъбал кьеги гьесие цIалулъги хадубккунисеб хIалтIулъги.

Кавсарат СУЛЕЙМАНОВА

КъОКЪГО

Унсоколо росулъа ГIабдула МухIамадгIалиев бергьана «Пятница» каналалда бихьизабулеб «Битва шефов» абураб богогьанлъиялъулаб телешоуялда. Гьес гьабураб магIарул кваница асир гьаруна машгьураб телешоуялъул шефал – Ренат Агзамов ва Константин Ивлев. Гьеб шоуялда лъабабилеб нух буго дагъистаниял бергьунел.

ГIабдула ккола бертабазул суратал рахъулев чи. Квен гьабизеги гьесул кIудияб махщел букIин бихьулеб буго.

* * *

Гьал къоязда МахIачхъалаялъул ЦIияб Хушет поселокалда рокъоб газги кьвагьун, зарал ккана цо чиясе. Гьев больницаялда вуго. Мина-рукъ, кьвагьиялъул кутакалъ, щущан ун буго.

МЧСалъул хIалтIухъабазул цереккунисел баяназда рекъон, газ кьвагьун буго сертификация гьечIеб печь (буржуйка) сабаблъун.

* * *

Дагъистаналъ Михайловский районалда бугеб школа къачIазе буго.

Михайловский районалъул цо росдал школалъул минаялда рагьун букIараб рищиязул участок тушманас кьвагьун, биххизабун буго. Гьеб къачIазе кумек гьабизе буго Дагъистаналъ.

Запорожье областалъул Михайловский район ккола Дагъистаналъ квербакъизе тIаде босараб бакI.

* * *

Каспийск шагьаралда рагьана «Перспективные квантовые материалы» абураб гIелмияб школа.

Дагъистаналъул хIукуматалъул нухмалъулев МухIамад Рамазанов щвана гIелмияб школа рагьулеб рохалилаб тадбиралде. Гьев ва Москваялъул физикиябгун техникияб институталъул ректор Дмитрий Ливанов тадбиралда баркигун церерахъана.

ГIелмияб школалда лекциял цIализе руго физикиябгун техникияб рахъалъ лъай ва лъикIаб хIалбихьи бугел гIалимзабаз.

Шамил НУРМУХIАМАДОВ,
ДГУялъул ЖОялъул студент, 2 курс

АССАЛАМУ ГАЛАЙКУМ! ХIАКЪИКЪАТ

ГурхIел-рахIмуялъул гъасда

- Нух кье, кьураби!
- Нуж щал?
- Ниж гIолохъаби руго.
Р. ХIАМЗАТОВ



Жакъасеб гIел. Кинабха гьеб бугеб. ГIолилазул кечI. Кинал саринал гьелъ жакъа рачунел ругел. МахIу бекани-ги, галадулареб гIолохъанлъиялъул чодаги рекIун, жакъасеб гIелалъги, жидерго умумуздаса мисалги бо-сун, гIанлъулел руго кьурабиги, унел руго церехунги, жидерго анищазул куркьбаздаги рекIун. Буго гьезул щивасулги жиндирго цIва. Гьелъ-ухъе щвезе хьулазда, гьез нахъа тола гIумруялъул сухъмахъалги, хIатта шагьрабигицин гIатIид гьарула. Ду-ниял бижаралдаса нахъе гIадатлъун лъугьун бугелъул, чIахIияб гIелалъ гIолохъанаб гIел каки. Камуларо гье-динал жакъа къоялъги. Жакъасел лъималги гIолохъабиги батIиял ру-гин абулелги руго. БитIараб буго. Ра-тила гьезда гьоркьорги, чIахIиязда гьоркьорго гIадин, квешалги, нилъ-ер рукIа-рахъиналде данде кколарел гIамалал ругелги, яхI-намус била-ралги. Амма жакъасеб гIелалъулъги рихьулел руго дида гIумру берцинлъи-ялъе къваригIунел гурхIел-рахIмуги, ватIан бокьиги, чIахIиязул адаб-хъатир гьабизе лъайги, жамгIияб гIумруялъулъ гьабулеб жигараб гIахьаллъиги…

Гьединаздаса цояй ккола МахIач-хъалаялда гIумру гьабун йигей Хун-захъ районалдаса Умсакинат Мала-чидибирова. Дагьал церегIан къояз нижехъе гьоболлъухъ ячIун йикIана гьей.

Берцинлъиялъ хвасар гьабила дунял

ГIурус хъвадарухъан Ф. М. До-стоевскиясул тIадехун рехсарал гьал рагIаби дандекколеллъун рикIкIуна дица дирго макъалаялъул багьаду-ралъул гIамал-хасияталъеги. Щиб лъалеб, кIудияв хъавадарухъанас-ги рухIияб берцинлъиялъул хIа-къалъулъ бицунеб букIун батизе бегьула. ГIицIго гьеб берцинлъи-ялъ хвасар гьабила дунял ургъел гьечIолъи абураб унтиялдаса. Гьеб берцинлъиялъ сокIкIунеб гурхIел-рахIмуялъул сидухъ цо-цогIаги гьо-боллъи бачIони, чIобоголъун уна ракI. Ва жакъа Умсакинатица дун ахIулей йиго гурхIел-рахIмуялъул кумекалдалъун жинцаго ракьалда бан толеб бугеб гIаданлъиялъул си-духъе.

Умсакинат хIалтIулей йиго Ма-хIачхъалаялъул Ленинский райо-налъул администрациялда, экономи-кияб отделалъул нухмалъулейлъун. КIудияб гъира-шавкъалда гьелъ би-цунеб хабаралъ гIажаибаб асар гьа-булеб букIана дие. Умсакинатица жиндирго хIакъалъулъ гуро бицунеб букIараб - гьелъ бицунеб букIана, гурхIел-рахIмуялъул нухаздасан унаго, жинда дандчIваралщинал лъикIал гIадамазул хIакъалъулъ:

- ТIоцебесеб иргаялда, дие рех-сезе рокьун руго дирго эбел-эмен. Абуларищха хъизан инсанасул гIа-мал-хасият лъадарулеб къебелъи бугилан. Эбел-инсул щибаб гали лъимералъе ккола цIияб гIумруялде жиб нухарегIулеб гIаламатлъун. ГьитIинаб къоялдаса нахъе дун ру-гьунлъана, масала, рукъалъул хIай-ваназдехун лъикIаб бербалагьи гьа-бизе. КъватIир ратанщинал кутулги рачун, рокъое ячIаниги, гьез дие ки-наб бугониги бадибчIвай гьабуларо-ан. Гьелъул гIаксалда, гьез дун цIакъ еццулалан, цо кIудияб бахIарчилъи дица гьабураб гIадин. Цадахъ лъу-гьун, рукъги гьабулаан кутузе, чвер-дезеги гьарулаан гьел, улбул гьечIого хутIарал гьитIинал тIанчIи кваназу-рулаго, цIакъ къобихьулаан нижеда. Дида цадахъ цIалулездехунги хасаб адабалъулаб бербалагьиги тIалабги букIунаан гьезул. Гьединго бихьулаан дида мадугьалзабазул, гьудулзаба-зул, гIагаразул гьез гьабулеб тIалаб-агъаз. Дир эбел-эмен ккола ричарухъ-аби. ЦIа-рагI бичулеб кIудияб тукен буго нижер шагьаралда. Жакъаги гьезул гурхIел-рахIмуялъул ишаз асар гьабула дие. Жидерго дармил хасаб низамги буго гьезул – садакъаялъ-еги кьола, чIобогоги кьола, ригьна-де унел рес гьечIел ясазе. Бичун ине къваригIараб цIа-рагIги гуребха гьез кьолеб – лъикIаб, багьояб. Гьелъ-ги борцуна гIадамаздехун гьезул бугеб адаб. Ва гьезул лъикIлъи дие хутIана цогидазул гIумру берцин-лъиялъе гьарулел талихIал иша-зул байбихьилъун. Жакъа къоялъги буго гьедин. Дир гIумруялъулъ хасаб бакI кколел гIадамазул сияхIалда руго дирго учительзабиги. Дун цIа-лана МахIачхъалаялъул № 17 шко-лалда. КIудияб адабгун рехсела дица ГIашура ХIасановнаялъул ва ПатIимат Пашаевнаялъул цIарал. ГIисиназул тIалаб гьаби, чIахIиязул хIурмат гьаби, унтарал-щокъа-зухъе раккизе ине ккей, нилъеде хIажат ккаразухъе кумекалъулаб квер бегьи, ватIан бокьи, цогида-зул рохел-къварилъи гIахьал гьаби – гьадинал рукIана къойил дие щолел гIумруялъул дарсал. Гьадинал дар-саз куцала ва лъадарула рокъорги къватIирги щивав дагъистанияв. Амма гьеб лъадариялъул даража абуни, живго инсанасда бараб букIуна. ПатIимат Пашаевнаялъ рачана ниж МахIачхъалаялда бугеб улбуз рехун тарал унтарал лъимал хьихьун ругеб «Забота» интерна-талде. Ниж, гIисинлъималги, рохун рукIинарищха экскурсиялъ ине ру-гилан абун. Релъи-хъуйги ахIи-хIурги - кинабго букIана, гьенир ругел лъи-мал рихьизегIан. Интернаталда батараб гIумруялъ нижеего гьа-бураб асар жакъаги кIочон гьечIо дида. Интернаталдаса тIадруссун рачIунелъул, лъугIана нижер релъ-иги ихтилат-кепги. ХIинкъараб сихIкъотIи бихьидал, учителалъ абуна лъикIлъиялъулги, хъизамалъ-улги, гьениб бугеб талихIаб лъимер-лъиялъулги тIокIлъи бичIчIизе ккани, гIумруялъул цогидаб рахъги бихьизе кколилан. Ва гьеб къоялдаса нахъе ни-жер бербалагьиги хисана. Эбел-ин-сул адабгицин батIияб къагIидаялда гьабизе лъугьана, недегьал-хIеренал рагIабиги гIемер такрар гьаризе байбихьана, - ян.

ГурхIел-рахIмуялъул нухаздa-сан гIун ячуней йикIана Умсакинат. Рокъорги къватIирги дандчIварал ва дандчIвалел ругел гIадамазги гьезул ишазги кумек гьабулеб буго гьелъие жиндирго гIаданлъиялъул сидул кьучIги аслуги дагьабги щулалъи-ялъе. Жуяна Умсакинат жамгIиял ишазде гьоркьоеги. КIвечIо гьелда жиндир кумекалде ккаразул хьол-бохъанги ине. Ва гьей гIедегIана гIадамазул гIумру берцинлъиялъе гIоло гьарулел лъикIал ишазде дан-де…

Бугелдасаги берцинлъилаан гIумру

Цин жиндирго хIалтIул хIакъа-лъулъ бициналде, Умсакинатица бицана жийго хIалтIулей йигеб Ле-нинский районалъул администраци-ялъул бетIер МухIамад Алхасовасул хIакъалъулъ:

- Гьаниб рехсечIого гIоларо саха-ватав инсан МухIамадил цIар. Дица гьарулел ишазул цебетIей букIинароан, МухIамадил кумек букIинчIебани. Киса-кирего - гье-сул лъикIал ишазул лъалкIал. ГIа-дамазе гьабураб лъикIлъиялдаса гIорцIулев чи гуро гьев. Гьабизе ккол-елдаса цIикIкIун гьабичIого, ракI гIодобе буссунаро гьесул. Гьединал

> - Нилъеца гьабунагIан, нилъее-ги бутIа щолеб жо гурищ букIунеб гIадамазе гьабу-раб лъикIлъи. Дур лъикIлъиялъухъ тIадегIанас дуца гьа-буралдаса цIикIкIун хъвалеб батана рикъ-зиги баракатги.

гIадамазда аскIой хIалтIизе щведал, дунго рикIкIуна цIакъ талихIайлъун. ГIадамазе цо гьитIинабгIаги лъикI-лъи гьабичIого араб къо гIадада араблъун рикIкIине ругьун гьаюна дун аскIор хIалтIулезги хъизамалъ-ги, - ян бицана гьелъ.

Умсакинатил гьел рагIабаздаса хадуб дида цоги нухалда ракIалде рачIана гIурус хъвадарухъан Альберт Лихановасул рагIаби: «Цо секун-далъ, цо минуталъ, цо гьитIинабгIаги лахIзаталъ лъикIлъи гьабе къойил. ГIицIго-лъикIлъи. Гьеб механда гIумру бугелдасаги берцинлъилаан».

Дагъистаналъул техникияб уни-верситет лъугIун хадуй ячIана Ум-сакинат тахшагьаралъул Ленинский районалъул администрациялде хIалтIизе. Районалде гъорлъе унел школазул, ясли-ахазул жаваб кьезе-ги, гIадамазухъ гIенеккизеги, гье-зул къваригIелал тIуразеги – гьеб кинабго тартибалда цебе бачине захIмалъичIо гьелъие, щайгурелъ-ул гьей ругьунлъун йикIиндал гьеб пишаялде. ХIалтIулеб бакIалда гьеб букIана тIадаб ишлъун. Амма хIал-тIул къо лъугIигун, рокъоеги ун, гIолилалъул хIалтIи лъугIуларoан. Байбихьана коронавирус. Гьеб ме-халда байбихьана Умсакинатил лъикIлъиялъулал ишал. Гьелъ цIе-холаан цо жийго хIалтIулей йигеб Ленинский районалде гьорлъе унел унтарал гурелги, цогидалги - ма-дугьалзабиги, гIага-божаралги, ба-жари гьечIелги, чиякъалги. Гьеб ишалъулъги гIолилалъе мисаллъун, тIоцебесеб иргаялда, рукIана эбел-эмен. Унтаразул рокъоре гьелъ щве-зарулаан кванил нигIматазул паке-тал. ЗахIматго унтаразул рукъалъул нуцIил кIалтIаги лъун толаан. Цин-ги унтаразда хадуб хъулухъ гьабу-лез нахъеги росулаан гьел пакетал. Больницаялде хадув ваккизе ине чи гьечIезухъе яккизеги щолаан гьей. Ва жакъаги щола гьей чиякъазухъе. ГIадамазул къваригIелал тIуразе щи-баб лахIзатаз хIадурги йикIуна гьей. ХIалтIудаса гьабизе щвараб куме-калда гIей гьабулеб гьечIоан гьелъ. Жиндирго харжалдаса гIарацги хве-забун, жакъа къоялъги кумек гьабула гьелъ унтарал-щокъазеги, къварилъи ккаразеги, минаби рухIаразеги, хIа-тта гьел ралезегицин. Жакъа цIакъ гIемер рукIуна социалиял гьиназдa-санги телевизоралдасанги унтарал жидер лъималазе кумек гьабеян гьар-долел эбел-инсул хитIабал. Гьезиеги жаваб гьабула Умсакинатица. Кина-зего бикьун, дур харж рокъобегIаги щолебищилан гьикъидалги, гьиму-лаго, кьуна гьелъ жаваб:

- Нилъеца гьабунагIан, нилъее-ги бутIа щолеб жо гурищ букIунеб гIадамазе гьабураб лъикIлъи. Дур лъикIлъиялъухъ тIадегIанас дуца гьа-буралдаса цIикIкIун хъвалеб батана рикъзиги баракатги. Кодоса гIарац камунги хутIичIо, рецц Аллагьасе, - ян.

Гьаниб дица хъваралъул бащ-дабгицин бицинчIо дие Умсакина-тица. Гьелъул хIакъалъулъ дие би-цана гьелда цадахъ редакциялде ячIун йикIарай учитель, жамгIияй хIаракатчIужу Хамиз Хъазанбие-валъ. Хамиз ккола Дагъистаналъул бетIерасул курсалъул рахъ кколеб гIуцIиялъул нухмалъулей. Умсаки-натил жигарчилъиги сахаватлъиги бихьун, Хамизица гьей жиндир-го заместительлъунги тун йиго. ГьабсагIаталда Умсакинатил ас-лияб хIалтIи ккола СВОялъул гIа-хьалчагIазул хъизамазе кумек гьаби. Районалъул администрациялъул ку-мекалде тIаде гьелъ жиндирго кумек-ги жубала. КIудияб бухьен буго Ум-сакинатил «Бергьенлъиялъе гIоло» абураб фондалъул нухмалъулев Гъа-зимухIамад ГIабдулаевасулгун ва СВОялде гуманитарияб кумекгун за-ма-заманалдасан унеб интербригада-ялъулгун. Гьел гIуцIабаз кьурал ша-пакъаталги руго гьелъул. Умсакинат гьоркьоса къотIичIого дандчIвала СВОялда чIварал гIолохъабазул хъи-замалгун, гьединго жалго СВОялъул гIахьалчагIигун. Гьезул лъималазе тIоритIула батIи-батIиял темабазда байрамал, гьединго диниял тадби-ралги.

Гьадинаб буго Умсакинат Малачи-дибировалъул гурхIел-рахIмуялъул гъансито. Биччанте гьениб гIолилалъ бакараб лъикIлъиялъул цIадухъ хин-лъулел гIадамазул къадар цIикIкIине.

Шамай ХЪАЗАНБИЕВА

ТIогьиллъарал тIанчал регулаго...

Сундул хIакъалъулъ хъвалеб букIараб магIарул газеталда 60 соналъ цебе?

Макъала сундуе гIоло хъвалеб?

Гьаб макъала хъвазе дун тIамуна цо-цо гIадамаз бицунеб жоялъ. Гьез абула макъала хъвалила гIицIго гIарац щвеялъул мурадалдайилан. БитIунищха гьеб бугеб? Узухъда, гьечIо. Макъала хъваялъул мурад батIияб буго. Мухбирас макъала хъваялъул аслияб мурад букIуна коммунистияб рухIалда тарбия кьей, хIалтIуде гьезул гъира базаби, производство цебетIезаби, нилъер церехун иналъе квалквал гьабулебщинаб жо нухдасан лъухьун рехи, захIматалъул багьадурзаби кIодо гьари ва гь.ц.

Дие бокьун буго мухбирзабазул макъалабаз кигIан кIудияб асар гьабулебали, гьезул кинаб кумек букIунебали цо-кIиго чIванкъотIараб мисалалдалъун бихьизабизе.

Хьаргаби росулъа МухIамад ГIабдулатIипов кивниги хIалтIуларев, къватIахъ тира-сверун заман инабулев чи вукIана. Цо нухалда колхозалъул магъилъе лъим тIамизе рахъил бетIер къачIазе субботник гьабуна. Гьенир мисал бихьизабун хIалтIаразда гьоркьоб цIар рехсезе мустахIикълъана МухIамадги. Хадусеб къоялъго районалъул «Церехун» газеталда лъикI хIалтIарал колхозчагIазда гьоркьоб МухIамадил цIарги рехсон букIана. ГIолохъанав колхозчиясул ракIалъе кIудияб асар гьабуна газеталда жиндирго цIар рехсон батиялъ. Гьелдаса хадуб гIаммаб ишалдехун МухIамадил бербалагьи тIубанго хисанилан бицуна гьесул вукIарав бригадир, коммунист М. ГIумаровас.

РакIалда буго, МухIамадил хIакъалъулъ гьитIинабго макъала бахъун букIана «БагIараб Байрахъалдаги». Гьениб бицунеб букIана цохIо живго МухIамадица 12 тоннаялдасаги цIикIкIараб пихъ бакIаранилан ва заводалъе кьунилан. Гьелдаса хадув жеги лъикI хIалтIуде тIаделъана гьев. ЛъикIав колхозчи хIисабалда хадусеб соналъ гьев звеноводлъун тIамуна.

«Колхозалъул кваранаб квер» - гьединаб бетIералда гъоркь районалъул газеталда бахъана МухIамадил хIакъалъулъ цоги макъала. Гьениб гIатIидго хъван букIана гьесул кIвахI гьечIеб захIматалъул хIакъалъулъ.

КIудияб асар гьабуна гьелъ МухIамадие. Гьес жигараб гIахьаллъи гьабулареб хIалтIул бутIа батизе захIмат буго. Гьев вихьизе бегьула векьарилевги, пихъ бетIулевги, цIоросаролъ лъалъалевги, цогидал хIалтIабаздаги.

БитIахъе абизе бегьула М. ГIабдулатIиповасул хьвада-чIвади хисиялъулъ, гьев тIубанго батIияв чи лъугьиналъулъ газеталда рахъарал макъалабазги кIудияб кумек гьабунилан.

Цоги мисал. Цо нухалда районалъул газеталда бахъараб макъалаялда кьварараб критика гьабун букIана райцентралда парикмахерская хIалтIулеб гьечIилан. Гьанжейин абуни, Хьаргаби хIалтIулеб буго цIибараб, лъикIаб парикмахерская. Гьединал мисалал гьанир гIезегIан рехсезе бегьилаан. Дагьалищ нилъеца газеталда цIалулел, мухбирзабаз хъварал макъалабазул халги гьабун, ккарал лъикIал хIасилазул хIакъалъулъ.

Йохъ, гIицIго гIарцуе гIоло гуро мухбирзабаз макъалаби хъвалел. Мухбирзаби руго коммунизм гIуцIиялъулъ жигараб гIахьаллъи гьабулел лебалал хIаракатчагIи.

М. ГIУМАРОВ, Хьаргаби

2500 тонна хер

Хасалоялдде гIи-боцIуе ргIи-хер хIадур гьабиялда свак тун хIалтIулел руго Гъуниб районалъул ЧIохъа ГIумаровасул цIаралда бугеб колхозалъул хIаракатчагIи. Щибаб къоялъ хер бецизе, бакIаризе ва гIархъазде буссинабизе вахъуна 6-70 колхозчи. Гьезухъ руго 10 трактор, 8 автомашина, гIемерал цогидалги машинаби ва гьакал. Гьездаса пайда босулеб буго ргIа-ракьанде щун.

Колхозалъул правлениялъ ргIи-хер хIадур гьабиялда хIалтIулел колхозчагIазе ва механизаторазе хIалтIуе ва рукIа-рахъиналъе лъикIал шартIал чIезарун руго. Гьезие щола щибаб ригьалъ хинаб квен. ХIухьбахъи гьабулеб заманалда рес буго газетал, журналал цIализе, телевизоралъухъ рала-


БАГIАРАБ БАЙРАХЪ
НУХАЛ–ХАСАЛОЯЛДЕ
ТАССалъул МУХБИРЗАБАЗ ЛЪАЗАБУНА:
КОМСОМОЛАЛЪУЛ ХIУРМАТИЯБ МАСЪАЛА

гьизе.

Жидее чIезарурал шартIаздаса разиял гьез щибаб къоялъул нормаби цIикIкIунги тIуразарула. Хасго мисал бихьизабулеб буго механизаторал С. Гороловас, ГI. Чинтиловас, П. Киковас, шоферал М. ТIагьировас, И. Пакъаловас ва цогидазги.

КолхозчагIи ва механизаторал къеркьелел руго гъутабазда 3500 тонна ргIи-хер хIадур гьабизелъун. ГьанжелъизегIан гьез, минабазде аскIобеги баччун, гIархъазда лъуна 2500 тонна бакъвараб хер. Гьелда гьоркьоб буго 150 тонна люцернаги. Гьединго гIархъазде буссинабун буго 350 тонна сум. Хер беци жеги унеб буго.

М. КЪАСУМОВ

Ахал гIатIилъулел руго

Ахихъанлъиялъ кьолеб хайирги бихьун, соналдаса соналде гьел гIатIид гьарулел руго ЧIарада районалъул СуметIа росдал колхозалъ. ГьабсагIаталда магIарухъ бачIин кьолеб ах буго 21 гектаралда.

Араб соналда ахихъабаз гIолохъанаб ахил щибаб гектаралдаса гьоркьохъеб хIисабалда 23 центнер пихъил бакIарун букIана. Исанаги лъикIго бижун буго суметIисезул ахакь пихъ. Гьеб ахие хъулухъ гьабулеб буго Жамилат Абакаровалъ бетIерлъи гьабулеб бригадаялъ. Жиндир заманалда гъутIби хъахI гьариялде, дараби речIчIизариялде, лъалъаялде ва ракъварал гIаркьелал кIуриялде цIикIкIараб кIвар кьола гьелъ. Щибаб гектаралдаса 25 центнер бачIинабизе ргIи кьун буго бригадаялъ исанаги.

Р. ХIАСАНОВ

ЛъикI унеб буго

Унсоколо районалъул Генуб росулъ 1967 соналъе газетазе ва журналазе подписка гьаби лъикI унеб буго. Гьанжеялде гьениб 125 «БагIараб Байрахъ», 125 «Ахихъан» газетал, 120 «МагIарулай» журнал хъван руго. Хъван руго гьединго «Дагестанская правда», «Комсомолец Дагестана» газетал ва «Гьудуллъи» альманахги.

Подписка жеги гьоркьоб къотIун гьечIо. Гьеб бергьенлъиялда тIобитIиялъе жигараб хIалтIиги гьабулеб буго парторганизациялъул секретарь ГI. ГIализалаевас, коммунистал ХI. ХIажиевас, ГI. Иразиевалъ ва М. МусахIажиевас.

М. ХIАСАНОВ

Хайираб бутIа

Нилъер республикаялда тIадеялдаса тIаде цIикIкIунеб буго кIазил къучIби гIезари. Ахираб анлъго соналда Дагъистаналъул колхозаз ва совхозаз пачалихъалъе бичана кIазил къучIбузул 2,772 центнер. Гьелъул бессизе бегьула 300 азарго метр чиллайдул ххам.


КIазил къучIби гIезариялъулъ лъикIал бергьенлъаби росана Хьаргаби районалъул Хьаргаби росдал колхозчагIаз. Араб соналда гьез гIезаруна 1,133 килограмм кIазил къучIби, исанайин абуни гьез пачалихъалъе бичана 1000 килограмм. Жидерго рукъзабахъ кIазил къучIби гIезарулел колхозруччаби ГIашат Асадулаевалъе, Шабан МухIамадовалъе ва цогидазеги щибаб соналъ гIемераб гIарац щола. КIазил къучIбузухъ колхозалъе лъагIалие 4500 гъурущ хайир щола.

Чиллайдул хIутIал гIезарула республикаялъул 107 школалъул цIалдохъабазги. Араб соналда гьез гIезаруна 32 центнер кIазил къучIби ва гьелъухъ школазе 11 азарго гъурущ гIарацги щвана, 11 цIалдохъанасе кьуна ВЛКСмалъул Дагъистан обкомалъул ХIурматалъул грамота. КIазил къучIбузухъ щвараб гIарцухъ школаз росана телевизорал, радиоузелал, киноустановкаби, цIалул къайи. Гьеб ишалъулъ мисал бихьизабурал цIалдохъаби «Артек» абулеб абулеб пионеразул лагералде ва Москваялде ВДНХялде ритIана.

К. ВИННИК

Пачалихъалъе

Пачалихъалъе гIи-боцIул продуктабигун тIощел бичиялъул планал цIикIкIунги тIуразаризелъун социалистияб къецалдеги льугьун хIалтIулел руго Казбек районалъул захIматчагIи.


ГО ПОДПИСКА
Газета – чего бумаги, книги – чего дороже Так гласит пословица (Ред. Маяковского).
БУЙНАКСК
ДУХЪЕ КАГЪАТ БУГО...

Масала, «Сулахъ» колхозалъул колхозчагIаз, мадугьалихъ бугеб Инчха росдал колхозалъул колхозчагIиги къецалде ахIун, пачалихъалье тIощел бичиялъул план 194 процеталъ, гьан бичиялъул - 105, рахь бичияльул - 93 ва квас бичияльул 112 процеталъ тIубазабуна.

КIвахI тун хIалтIулел руго дилимазул колхозчагIиги. Пачалихъалъе тIощел бичиялъул 9 моцIрол план гьез 139 процеталъ тIубазабуна. 121 процеталъ тIубазабуна гьан бичиялъул планги.

Р. ЗАКАРЬЯЕВ
«БагIараб Байрахъ» 1966 сон, сентябрь

Ракьалда бугеб мажгит - бищун кІудияб парламент

Жакъа бусурбабазухъ ралагьидал, бихьулеб буго гьезие чияраб цІакъ хиралъун букІин. БацІцІадабги тун, махІцараб тІасабищулеб буго. Рокъой йигей лъадиги тун, чияр лъадухъ ралагьула. Жиндирго машинаги тун, чияр машинаялде анищал гьарула. Живго жанив вугеб хІалалаб минаги бихьичІого, хІарамаб боцІухъ бараб чияраб бокьун батула. Исламияб диналъул къагІидабиги тун, жагьилал гІадатал ккола. РацІцІадал мажгиталги чІалгІун, хъубал, мунагьазул цІурал годекІаби, кечІ-бакъназул залал тІаса рищула. Гьелъ бусурбанчи кивеха вачине бегьулев?

Зина гьабулев чи вохун вукІуна цо сагІаталъ, амма цинги хвезегІан ургъаликь вукІуна щибдай жинца гьабилебинги абун. Гьединазул лъималазулцин букІунаро къадру-къимат. ХІатта абула анкьго наслуялдацин баракат гьечІолъи бихьулин. Жеги кІочене бегьуларо жиндирго эбелалда, яцалда, ясалда гьеб къабихІлъи бецІулеблъиги. Щайгурелъул имам ШафигІияс абун буго: *«Зина буго къабихІаб пиша, кІудияб налъи. Дуца гьеб цогиясухъа къарзалъе босани, дур рукъалъул агьлуялдаса рецІел босула. Дуда гьеб лъан букІа, абадиялъ кІочонге»,* - ян. Гьеб кинабгоги буго дунялалда гьабулеб тамихІ, ахираталда букІунелъул бицунго бажариларо. Гьединал магІна гьечІел ишаздаса, мекъал пикраби-хивалаздаса, дунялахираталъул гІакъуба-гІазабалдаса живгоги хъизан-лъималги цІунула бусурбабазул кІудияб парламенталъ, ай мажгиталъ.



Нилъер умумул жиндихъ гІащикълъун хварал, цо сагІаталъ игІтикафалда чІезе щвани рохулел рукІарал, бадиса магІуги чвахулаго жаниса къватІире рачахъараб, жакъа эркенго щвараб гьеб рукъ буго къваридаб ракІалъе эркенлъи.

Мажгит ккола бусурбабазул парламент. Тарихалъ гьеб гьедин бихьизеги гьабуна. Бичасул аварагас Мадина шагьар берцин гьабуна мажгит баялдалъун. Исламияб улкаялъул тІоцебесеб минаги ккола мажгит. Аллагьасул нухда бахІарзал къачІараб спортзалги ккола гьеб. Бусурбабазул ракІал къачІалеб, муъминзабазул рухІал рацІцІад гьарулеб, исламалъул ахІи щвезабулеб, исламиял студентал къватІире риччалеб мадрасаги ккола мажгит. Гьелъул мугІалимги вукІана МухІамад авараг ва мутагІилзабилъун рукІана Абубакар, ГІумар, ГІусман, ГІали ва цогидалги. Гьез тІалаб гьабулеб жоги букІана ТІадегІанав Аллагьасул калима тІадегІан гьаби.

ТІоцебе аварагас бараб мажгиталда хурхун ТІадегІанав Аллагьас хирияб Къуръаналда абун буго (магІна): *«Мажгит буго тІоцебесеб къоялдасаго бахъараб такъваялда гІуцІараб ва гьеб мустахІикъаб буго нуж жанир чІезе»*, - ян.

Мажгитал гІуцІизе байбихьана мунапикъзабазги, ва гьезул мурадги букІана жидерго пикраби тІиритІизари. Амма Аллагьас гьезул мурадал чІунтизаруна. Щайгурелъул хІакъикъат кидаго бергьуна, ва Аллагьасул нур лъиданиги свинабизе кІоларо.

Балагье жакъа Дагъистаналда кинал мажгитахъ Аллагьасе лагьлъи гьабулеб бугебали. ТІадегІанав Аллагьас баян гьабулеб буго мажгитал Аллагьасул вализабаз гурого гІуцІуларин. Хирияб Къуръаналда буго (магІна): *«Мажгитал къачІала Аллагьасдаги Къиямасеб къоялдаги иман лъурал гІадамаз, ай жидеца какги балел, закагІатги бахъулел, Аллагьасукьа гурого жалги хІинкъуларез. Гьелги руго ритІун ккарал чагІи»*, - ян.

ГІалимзабаз абулеб буго ракьалда тІад мажгитал къачІай кІиго батІияб къагІидаялда букІунин: жанисанги тІасанги. ТІасан мажгит къачІала гьеб бан. Жанисан къачІала какал ран, зикру бачун, Къуръан цІалун. Гьеб кІиябго къагІидаялъ мажгитги гІуцІула гІицІго муъминзабаз. Амма жакъа нилъеда бихьулеб буго мажгитал чІороголъун рукІин. Гьеб гуро исламалъул нух, гьеб гуро Аллагьас Къуръаналда рехсараб тІабигІат.

Рамазан моцІалъ цІун рукІуна мажгитал, амма гьеб моцІ лъугІидал, чІороголъула, цохІо рамазаналъ гурого Аллагь валагьун гьечІев гІадин. Рузманкъоялъ рачІуна киналго мажгиталде, хутІарал къояз кІочон тола. Бецав чиясецин рухса кьечІеб мехалъ, жакъа какал разе мажгитазде хьвадуларел бусурбабазе кІудияб хІинкъи буго.

Аллагьас кантІизареги.

ХІабиб ГІИСАЕВ

Иманалъул нур - пикру гьаби

Жакъа дунялалдаги, метер ахираталдаги инсанасе талихІ букІиналъе гІоло бищун чара гьечІого хІажалъулел дару-сабабазул цояб ккола лъикІаб рахъалде пикру хІалтІизаби ва гьелдаса пайда боси.

Пикру гьабиялъул магІна ккола ТІадегІанав Аллагьасул хІалкІолъиялъулги тІадегІанлъиялъулги, Гьес бижун бугеб зоб-ракьалъулги махлукъаталъулги пикру гьаби. Гьелъул аслияб мурадги ккола, пикруялдалъун гІелмуги цІикІкІинабун, БетІергьанасдеги щун, илагьияб нуралъ ракІ гвангъизаби. Гьединлъидал инсанас хІаракат бахъизе ккола хІалкІун гьеб лъикІаб рахъалде буссинабизе.



Пикру гьабиялде кІвар кьун ахІулел хирияб Къуръаналъул аяталги, аварагасул хІадисалги руго. Гьениб рехсон буго гьадинаб магІнаялда бугеб аятги: *«Зоб-ракь берцин гьабун бижиялъулъги сордо-къо хисизабиялъулъги гІакълу бугел, цІодорал чагІазе пикру гьабизе гІурал хІикмалъаби руго»*, - ян. Хадусеб аяталда мухІканго баян гьарун руго щал чагІи кколел гІакълудал бетІергьабияли ва гьелда абун буго: *«Гьединал цІодорал, гІакълуял гІадамал ккола жидеца регун, рахъун, гІодорчІун рукІаго Аллагьги рехсолел ва зоб-ракь бижиялъулги гьезул хІикматазулги пикруги гьабун абулел:*

-Я, БетІергьан Аллагь, Дуца гьаб кинабго гІадада бижичІо (хІакъалдалъун гуроні), нижеца Мун, Дуе данде кколарел, киналго сипатаздаса вацІцІадги гьавула ва Мун разияб гІамалги кьун, битІараб нухдеги тІоритІун, дуца ниж цІадул гІазабалдаса цІуне», - ян.

Жинда свалат-салам лъеяв Аварагас абун буго: *«ТІадегІанав Аллагьас бижараб махлукъаталъул пикруялда цо сагІаталъ вукІин, цо соналъ гьабураб гІибадаталдасаги хирияб буго»*, - ян.

Цо чияс нилъее гьитІинаб лъикІлъи гьабуни, гьебги кІодолъун бихьун, гьесдаса нечон рукІуна нилъ киндай гьев рази гьавилаян ургъулел. Амма рикІкІун хІалкІоларел нигІматал ТІадегІанав Аллагьас кьун ругониги, нилъ нечолел гьечІо, тІадежоялъе, гІасилъулелги руго. Нилъер тІубараб гІакълуги камилаб лъайги букІарабани, кигІан гьитІинабги нигІмат нилъеда кІодолъун бихьизе кколаан. Нилъеца Аллагьас кьурал нигІматазухъ щукру гьабунагІан нилъее Гьев вокьи цІикІкІуна.

ХІадисалда буго: *«Нужее Аллагь вокьа, Гьес нуж нигІматаздалъун хьихьулел рукІиналъе гІоло»*, - ян. Гьединлъидал бусурбанчиясул букІине ккола къойилго Аллагьас рижарал гІажаиблъабазул пикру гьабулеб гІадат.

Аллагь разилъаяв Абузар-асхІаб рукъалъул цо бокІонги ккун тІубараб къоялъ пикру гьабулев вукІунаанин хъвалеб буго. Фузайилица абуна, пикру гьаби дур матІу кколин, дур лъикІлъабиги квешлъабиги дуда рихьизарулеб. Ибрагьим Адгьамицаги абуна, пикру гьаби гІибадаталъул нах бугилан. Суфян бину ГІуяйнатица абулаан, кидаго пикруялда вукІунев чиясда щибаб жоялда жаниб вагІзаги хІикматги бихьулин. Аллагь разилъаяв ГІумар бин ГІабдулгІазизицаги абуна, Аллагьас кьурал нигІматазул пикру гьаби бищунго хирияб гІибадат кколин. Бишрицаги абуна, гІадамаз Аллагьасул кІодолъиялъул пикру гьабулеб букІарабани, гьесдехун гІасилъиларoанин. Аллагь разилъаяв Давуд ТІаияв вукІана, цо моцІрол сордоялъ тІохдеги вахун, зоб-ракьалъул пикру гьабулев, зобалаздеги валагьун гІодулев. ЦинтІаго гьев вортана мадугьаласул тІохде. Мадугьал, цІогьор кІанцІаниланги ккун, кодоб хвалченгун тІохде вахана. Давуд вихьидал, хвалченги лъалиниб лъун, гьес гьикъана мун кин гъоркье рехаравилан. Гьесги ккараб хІакъикъат бицана.

Аллагь разилъаяв имам ШафигІиясги абуна, нужеца гІелму къватІибе бахъинабе пикру хІалтІизабиялдалъунилан. Аллагь разилъаял асхІабзабаз абулаан, иманалъул нур пикру гьаби кколин. Ибн ГІатІаилацаги абуна, пикру гьаби рекІел чирахъ кколин, пикру гьечІони, рекІее канлъи букІунарин абун.

МухтарахІмад МУХІАМАДОВ

ВатIаналъухъ урхъарав хъвадарухъанасул пикрабазул угьи

Дагъистаналъул халкъияв хъвадарухъан МухIамад ГIабдулхIалимовас исана бана 90 сон. МухIамадида юбилейги баркулаго, бокьун буго гьесул хъвадарухъанлъиялъул хIакъалъулъ хъвазе.

ГIагараб росдалги магIарулазулги тарихалда жаниб гвангъараб лъалкI толеб буго Дагъистаналъул халкъияв хъвадарухъан МухIамад ГIабдулхIалимовас. Басмаялда рахъана гьесул гIемерал тIахьал. МагIарулаз кидаго гъираялда къабул гьарула гьел.

Гьале кодобе босулеб буго 2022 соналда басмаялда бахъараб хъвадарухъанасул «Ахикь, гъутIбузул ргIдукь» абураб тIехь. Гьениб кьун буго кIиго къиса: тIехьалъе цIар кьураб «Ахикь, гъутIбузул ргIдукь» ва «Американав Хосе Дибо» ва харбал: «ГIурччинаб гормендо», «Лъадуда гьикъе - мекъса гьабе» ва «ЛъикIав чи».

Гьаб макъалаялда бицен гьабизе бокьун буго «Американав Хосе Дибо» абураб къисаялъул хIакъалъулъ…

Араб гIасруялъул 90-абилел сонал. Биххараб кIудияб, къуватаб улка, кирехун ине ругелали бичIчIулареб цIакъ захIматаб заман. Дагъистаналъеги гьеб заман букIана цIакъго хIабургъараблъун. Къойилго гIадин кколел чIвайхъвеялги гIумру гьабизе букIараб захIмалъиги - гьел ракIалдещвеяз берзул нур свинабураб гIадаб асар гьабуна дие. ВатIаналъул гьединаб къисматалъе жаваблъун бихьулеб буго дида МухIамадил гьаб къисаги. ГIадада абулеб батиларо шагIирзаби ва хъвадарухъаби кидаго халкъалъул тIалаб-агъазалда рукIунилан. ХIисаб гьабураб мехалда, шагIирзабаз, хъвадарухъабаз жидерго асаразулъ лъола гIемерисезул пикру, гьезул асарал кIалъала халкъалъул кIалдисан. КIудияб союз биххараб мехалда, лъицаха бицинчIеб М. Горбачевасулги Б. Ельцинилги «гьунаразул» хIакъалъулъ. Гьединго нилъеда лъала кIиго къуватаб пачалихъалъул гьоркьорлъаби кинал рукIаралалиги. Дун гьитIинаб мехалдаса нахъе, ргIулеб букIана ва жеги ргIулебги буго СССРалъулги (гьанже Россиялъулги) СШАялъулги бугеб «гьудуллъиялъул» хIакъалъулъ. КIудияб улкаялъухъ угьдулеб буго жакъаги хъвадарухъанасул гьаракь. Ва рекIел тIиндасан бачIунеб бухIараб, чаракъосараб ахIилъун буго М. ГIабдулхIалимовасул гьаб къисаги. Жиндирго пикраби гьес къисаялъул багьадурзабазухъе кьолел руго, цIалдолезухъе кьейиланги абун.

РачIаха, хIурматиял цIалдолел, гIенеккизин американав Хосе Дибоцаги гIурусав Сергей Петровасги нилъее бицунелъухъ. Гьениб щибго балъгояб яги нилъеда ргIичIеб хабарги гьечIо. Хъвадарухъанасе гIицIго бокьун буго ватIаналъул унтиялъ унтарав жиндирго пикраби-анищазул гIузраби цоги нухалда халкъалъе загьир гьаризе.

Къисаялда бицен гьабулеб буго Америкаялда дандчIварал гIурусав Сергей Ильич Петровасулги американав Хосе Диболги хIакъалъулъ. Совет хIукуматалъул заманалда Сергей хIалтIулаан Михаил Горбачевасул шоферлъун. СССР биххун хадув гьев хъизангун цадахъ гочуна Америкаялде. Гьесулгун лъай-хъвай ккарав Хосе Дибоги хIалтIулев вукIун вуго доб заманаялъ Америкаялъул президентлъун вукIарав Рональд Рейганил шоферлъун.

Россиялъул хIакъалъулъ хабар ккараб мехалъ, Хосе Дибоца Сергейида абулеб буго нужер улка бугила бищун чIахIиязул цояб. ТIабигIиял нигIматаздалъунги бищун бечедаб улка бугила Россия, амма нуж киданиги бечелъизе гьечIила, щайгурелъул щивав хIаким гьенив цIогьор, ришватчи вукIун. Россиялда заводал къан ругила, фабрикал щущазарунила. ХIалтIи гьечIолъи балагьлъун лъугьун бугила дур ватIаналдаян абулеб буго американас гIурусасда. Жиндир ватIан цIунун абизе жо Сергейида батуларо.



МухIамад МухIамадов хъвадарухъанасухъ гьоболлъухъ

Россиялда гьединаб ахIвал-хIал лъугьиналъе гIайибиявлъун Хосе Дибоца рикIкIунев вуго пачалихъалъул бетIер, Аллагьасдаса хIинкъуларев гьересичи вукIин. Гьес абулеб буго Сталинида хадув Россиялда цониги пачалихъалъул бетIер вукIинчIила халкъалъул ургъел бугев. Ахирисев пачалихъалъул бетIер Михаил Горбачев вукIанила Америкаялъул жасус. Хосе Дибода бичIчIулеб гьечIо, киндай Горбачевасда кIвараб жив гIезавураб, жиндие лъай кьураб, жив бищун борхатаб хъулухъалде вахинавураб халкъ гъоркье рехизе, улкаялъе хилиплъизе. Американасде данде абизе ргIи батуларого, Сергей Петровас кьабула американасда. Хадубги Сергейица пикру гьабула жинцаго рехун тараб Россиялъул кин къадру цIунилебилан. Жакъаги улкаялъул бечедал хIакимзабазул гIарац киб цIунун бугебилан пикру гьабула гьес.

Бокьулеб гьечIо Петровасе Дибоца бицунеб ргIизе. Ханжарлъун хIунсулеб буго гьесул рекIелъ Горбачев СШАялъул агент вукIанилан абураб хабарги.

Амма бичIчIулеб гьечIо гьедигIан ватIан хирияв Петров, ВатIаналдаги чIечIого, Америкаялде щай аравали. Гьеб суалалъги рахIат толеб гьечIо авторасе. Гьеле гьединаб жоялда абулеб буго гьес хIилла-макруйилан. Гьедин буго жакъаги – жидее ВатIан хирияв бугилан ахIдолев вукIарав, гьелъул кумекалдалъун миллиардерлъун вахъарав чан чи жакъаги Россиялдаса лъутулев вугев.

ЦIидасанги тIадруссинин къисаялъул багьадурзабазухъе:

- ХIалтIи гьечIолъи лъугьун буго Россиялда балагьлъун. Заводал къана, фабрикал щущаразаруна. Гьел рукIана халкъалъул буголъи. Китаялъул расанкIабазул цIун буго гьанже Россия, - ян абула Дибоца.

- Господин Хосе Дибо, - ян абуна Петровас, - гьеб бакIалда мун мекъав вуго. Гьеб буго пачалихъазда гьоркьоб бугеб дармилаб политика…

- Агьа, захIмат хирияб халкъги къотIноб тун, заводал, фабрикал къай - пайдаяб ва хIажатаб ишищ? СССР биххи - гьеб букIана СШАялъул разведкаялъул триумф... Киндай кIолеб жив гIезавураб, жиндие лъай кьураб, жив борхалъиялде вахинабураб халкъ гъоркье рехизе, улкаялъе хилиплъизе?!

КIолеб гьечIо Петровасда Дибоца бицунелъухъ гIенеккизе, ва тIадеги вахъун, кьаб-кьабун бачуна нахъеги гьесда… Ва жинцаго жиндиего суалги кьолеб буго Петровас: «*Кинаб Россиялъул къадру цIунулев дун…? Дицаго рехун тараб?».*

- Дуда божизе бегьуларо. Мун, господин Петров, мун гьадинги Россиялъе хилиплъарав чи вуго, мун Россиялдаса Америкаялде лъутарав къоялдасаго...

«Гьас битIараб бицунеб буго. Улка гуребги, миллатги хисана дица. Цо дунищ Россиялъе хисарав? Россиялъул бечедалщинал хIакимзабазул гIарац киб цIунун, киб бахчун бугеб?»

Гьадинал пикраби гьарулел рукIана Сергейица.

Дибоца, жиндаго кьабуниги, кинаб бугониги тамихIалде Сергей цIазе хIалго бихьичIо. Гьелъул гIаксалда, гьес гьев рокъове ахIула, хъизамалъулгун лъай-хъвай гьабула:

- Дир жанисеб асаралъ бицунеб буго нилъ лъикIал гьудулзаби рукIине ругеллъи, - янги абула Дибоца Сергейида.

Дагь-дагьккун гьудуллъиялде сверулеб букIана Диболги Сергейилги гьоркьоблъи. Дибоца гIемер ахIулаан цIияв гьудул рокъове.

- Гьаб мина Рейганица кьуна дие. Президент дидаса разияв вукIана. Дица рикIкIуна жинде божилъи гьабураб ишалъе ритIухъав вукIине тIадаб бугилан щивав чиясда, - ян абуна цо нухалда Дибоца. Гьесда цIакъ лъикI лъалаан Петровасе ватIан бокьулеблъиги. Гьединлъидал, рес кканщинахъе, какулебги букIараб гьес Петровасе Россия.

Американав Хосе Дибоца абула Аллагьас жидеего кьураб лъикIаб махщелги гьунарги тун, цо-цо пачалихъазул ахIмакъал бутIрул лъугьунел ругила дуниялалда ргъ-кьал тIибитIизабизе. Жакъаги дуниялалада рагъал къотIулел гьечIилан абулеб буго гьес. Хадув Сергейидеги вуссун, гьес абула, амма нилъ рагъизе гьечIила, гIурусав мунги американав дунгийилан.

Къиса ахиралде щванагIан, бихьулеб буго кигIан хирияб букIарабали Сергейие ватIан: *«Пайда щиб, чиярлъана ватIан, чиярлъана. ГьечIо ВатIан. БукIана ВатIан. БукIана - гьечIо. Доб дида лъалеб букIараб гьайбатаб, чIухIараб Москваги, дол дие рокьулел рукIарал гIадамалги дора ратизе гьечIо...»*

Асар цIалулелъул, бихьулеб буго халкъазда гьоркьоб гьудуллъи тIегьаялъухъ авторасул бугеб хIасрат. ГIурусав Петровасда къвалги бан, Хосе Дибоца кIвараб хIалалъ ахIула:

- ГIадамал, чIахъаги эркенлъи! ЧIахъаги халкъазда гьоркьосеб гьудуллъи! - ян.

Петровасул суратазул альбомалда букIараб цо сураталде тIаде тохлъукьего ккола Дибо. Гьенив вугоан кIиго гIолохъанчи. Дибо вихха-хочула гьеб сурат бихьидал. Ва ахиралдаги загьирлъана гьел гIолохъаби Диболги Сергейилги умумул рукIин. Гьезул лъай-хъвай ккун буго концлагералда, КIиабилеб дунялалъул рагъул заманалда.

Дибол кIалдисан кIалъалев вуго автор:

«Къисмат. Унгоха, цо-цо чигун гьеб басандулеб вахIшиго. Амма къеркьеялда бащалъулеб щибго гьечIо. Къеркьей буго, дир гьудул, гIумру», -ян.

Нахъеги Петров жиндирго ватIаналъул хIакъалъулъ жиндирго пикрабигун:

«Дие батIияб нух гьечIо. ВатIаналъухъ гIашикълъун вуго. Гьеб букIун буго бицине лъалареб, кинабали ракI бецIцIулеб асар».

Гьаб макъала лъугIизе толеб буго улка биххиялъе гIиллабазул цояблъун жинца рикIкIунеб авторасул хIужаялдалъун:

- Йохъ, партиялъул членал нахъасан ралагьун чIана, оц хвани – гьан, гьоко бекани – цIул, - иланги абун ва фабрикалги заводалги рихха-рикьиялъул, банкал тIетIеялъул ургъалида...

МухIамад ГIабдулхIалимов вуго магIарулазул бищунго гьунар бугел хъвадарухъабазул цояв, Дагъистаналдаго цIар ргIарав халкъияв хъвадарухъан. Гьесул асараз хасаб бакI ккола нилъер адабияталда жаниб. Аллагьас гьесие гIемерал сонал жеги насиб гьарун ратаги хадурккунги лъикIал асараздалъун магIарулал рохизаризе.

МухIамад Ибрагьимович МУХIАМАДОВ,
филологиял гIелмабазул доктор, профессор

РакI беццлъиялдаса бер беццлъиго лъикI

Каспийск шагьаралдаса пенсионер ГIисаев Идрисица гьарулеб буго: «Ахираб заманалда гIадлу хун буго дир гIакълу-пикруялъул. КIочона гIадамазул цIарал, батуларо цIороберал лъураб бакI, киве аниги, ракIалде щоларо тIадкъай. РакI беццлъиялдаса бер беццлъиго лъикIин абула. «ХIакъикъат» газеталдасан гьеб «гIузруялъе» бугеб гIиллаялъул ва гьабизе бегьулеб жоялъул хIакъалъулъ бицани, кумек букIинаан дун гIадал херал чагIазе», - ян.



Идрисил гьариялъе гьадинаб жаваб кьуна психолог МахIмудов Расулица:

- РакIалда жо чIунгутIи - ракI гIантлъи ккола гIемерисел херал чагIазе хасиятаб «унти». Гьелъие букIунеб аслияб гIилла - херлъанагIан инсанасул гIадалнах лъугьунеб букIин кIвар бугел лъугьа-бахъиназда гьоркьоса аслиял ва аслиял гурел жалазда гьоркьоб гIорхъичIвай гьабизе бажарулареблъун.

Инсанасул кидагосел нухлулал ккола черхалъул хIалуцарал хIалал (стрессы). Рокьулел чагIи хвей, нагагьал ва тIабигIиял балагьал гIадал хIалуцарал хIалаз гIадалнахулъ лъугьинарула заралиял хиса-басиял ва гьез рачуна ракI гIантлъиялде. Гьединго ракIалда жо чIей загIиплъизабула къойил хIалтIуда рукIунел нерваби хвезарияз, рукIарахъиналъулал дагIба-рагIияз ва бада-гъудураз. Гьединал хIалуцинал къинарула гIицIго лъикIаб хIухьбахъиялъ, гъваридаб макьуялъ, хIалхьараб рукIа-рахъиналъ, ихтилат-кепалда тIамулеб заманаялъ.

Нилъ кьижун ругеб заманалда гIадалнах тIубанго кьижун букIунаро ва ракIалдачIеялъ батIа-батIаго лъола баянал - къваригIунарел нахъе хъвагIала, кIвар бугел жидер бакIазде ккезарула. Макьу гIолеб гьечIони, цIикIкIуна нервабазул тохлъи, рекIел гIантлъи. Гьединлъидал чара гьечIого сордо-къоялда жаниб гIолилал кьижизе ккола анлъго, херал - микьго сагIаталъ.

ГIадалнахул клеткабазул жагъалъиялде рачуна халатккун черхалъе щолеб гьечIони витамин В 12. Гьеб витамин чорхолъе лъугьунаро гIураб къадаралда. Гьединлъидал кваназе ккола гьеб гIемер гъорлъ рукIунел ханал, гьанал ва рахьдал нигIматал, хасго хIан.

Франциялдаса профессор Бруно Дорацаги абулеб буго, лъабкъойилъа тIаде арал чагIазул гIарз букIунила ракIалда жо чIолеб гьечIин абун. Бищун тIибитIараблъун ккола гIадамазул цIарал кIочен, пуланаб бакIалде щвараб мехалда кIочона гьенире иналъул мурад, тIаде кколаро цIороберал яги кIулал лъураб бакIалде. Гьеб гIунгутIи унти гуро, гьеб буго рарал соназ гьабулеб гIарз.

Машгьурал психологаз абулеб буго, къойил нилъедаго тIад хIалтIани, рес бугила ракIцIодорлъи ва ракIалда жо чIей саламатго лъикIлъизабизе. Аслияб масъала, къойилго бетIер хIалтIизе тIами. Гьелъие ургъун руго батIи-батIиял къагIидаби. Гьале гьезул цо-цоял:

- Босила шагIирасул тIехь. РагIун, пасихIго цо нухалъ цIалила гьелдаса цо чанго жугьа. ХIалбихьила, тIехьалде балагьичIого, цIалараб жо такрар гьабизе. БажаричIо, такрар гьабила цо чанго нухалъ, хIисаб гьабила ракIалда чIеялъе чан нухалъ гьеб жугьа цIализе кколеб бугебали.

Гьединалго упражниениял гьарила гIакълилал чагIазул абиял, батIи-батIиял дугIаби ракIалда чIезариялъе.

ТIехь, газета цIале рагIун, махаражалда, ракIалда чIезаре цIаларалдаса бахIарзазул цIарал, дурго рагIабаздалъун бице цIалараб жоялъул къокъаб хIасил.

Цоги, ракI гIантлъиялде рачуна ургъел-агъаз, сундего кеп-гъира гьечIолъиялъ ва гIадамазулгун гьоркьоблъи рехун теялъ. Гьел гIунгутIаби тIагIинариялъе пайда босизе бегьула хадусел упражнениядаса:

- Дудаго цебе лъела бокьараб жо (тIехь, суркIа) ва гIодове виччан цо лахIзаталъ гьелда берал речIчIизарила, хадуб, бералги къанщун, ракIалде бачIинабила суркIадул роцен, кьер, хаслъаби… Цинги хIисаб гьабила кIочарал гIаламатазул. Гьеб упражнение такрар гьабила суркIаялъул киналго гIаламатал ракIалда чIезегIан.

Цо минуталъул болжалалда кIваркьун валагьила дурго рукъалъухъ яги хIалтIул кабинеталъухъ. Хадур берал къанщила ва рагIун рикIкIина дудаго ракIалда чIарал бищунго чIахIиял жал (нуцIа, стол, шкаф…) ва бищун гIисинал жал (нуцIил кверкъел, ручка, къалам, къеда ругел кьватIелал…). Упражнение такрар гьабила киналго жал ракIалда чIезегIан.

Паркалда яги годекIанив вугеб мехалда, бер речIчIизабила аскIосан унев чиясде. Бералги къанщун, рикIкIина гьесул гьурмал хаслъаби, ретIел-хьиталъул гIаламатал...

Дуцаго ургъила гьезда релълъарал упражниениял ва гьарила щибаб къоялъ.

Токиоялъул тIахьазул тукабазда руго херал чагIазе пайдаял упражниениязул ва кроссвордазул сборниказул хасал отделал. Гьел упражниениял ккола ракIцIодорлъиялъе, гIакълу камил гьабиялъе ва ракIалда жо цIуниялъе гьабулеб «гIакълияб гимнастика». ГIелмуялъ чIезабун буго кечI-бакъаналде машгъуллъиялъ, хасго бакъназул алатал хъваялъ ракIцIодорлъи камиллъулилан. Гьебго мурадалда беццараблъун рикIкIуна къобакьулъ бащдаб сагIаталъ кьижи, гIундузул гьартазе (моч-ки), ботIрол тIомалъе ва габуралъе массаж гьаби. Гьез цIикIкIинабула гIадалнахулъе бачIунеб би, нейроназе щолел кванил жал ва кислород, квербакъула ракIцIодорлъи лъикIлъизабиялъе.

Гьебго мурадалда цIакъ лъикIаблъун рикIкIуна рокъоб кету яги цоги рукъалъул хIайван хьихьи. Бокьулеб хIайваналда хадуб хъулухъ гьабулеб, гьелда квер бахъулеб механда нерваби гIодоре руссуна, уна хIалкъай, ай квербакъула гIадалнах лъикI хIалтIиялъе ва ракIцIодорлъиялъе.

Гьайгьай, аслияб жо ккола, кIваХIаллъичIого, щибаб къоялъ цIияб гьаваялда хьвади, черхалъе «гIакъуба» кьей ва гIадамазда гьоркьов велъа-вохун вукIин.

Ахиралдаги рехсела цо чанго насихIат:

1. КъечезегIан чIоге лъим гьекъезе.
2. Макьу щвезегIан чIоге кьижизе.
3. СваказегIан чIоге хIухьбахъизе.
4. УнтизегIан чIоге сахлъиялъул цIех-рех гьабизе ине.
5. ХIикмалъаби рихьизегIан чIоге Аллагьасде вуссине.
6. Кидаго вукIа гIадамалгун рекъон, аваданлъиялда, велъа-вохун.
7. ТIадчIун халккве бидул тIадецуялда, холестириналда, бидулъ бугеб чакрил роценалда хадуб.
8. КIванагIан дагь гьабе кванилъ цIам ва чакар.
9. ХIал гьабе пихъида, овощазда, багIаргьолоялда, цIулакьоялда ва ханазда.

Нури НУРИЕВ

Бусурбаби - космосалда


Инсанияталъ космосалъул цIех-рех гьабизе байбихьана гIезегIан соназ цебе. 2026 соналъул 14 июлалда ругел баяназда рекъон, космосалде роржаразул къадар бахана 648 чиясде, гьездаго гьоркьоб 85 чIужугIаданги.

Космосалде роржана: США-ялъул - 373, СССРалъул ва Россиялъул - 140, Китаялъул - 30, Канадаялъул - 12, Франциялъул - 11, Италиялъул - 8, СагIудиязул ГIарабиялъул - 3 космонавт.

Космосалде воржун вуго 18 бусурбанчи (14 бихьинчи ва 4 чIужугIадан). ТIоцевесев бусурбабазул космонавт ккола СагIудиязул ГIарабиялъул принц, СултIан бин Салман ГIабдулгIазиз ал-СагIуд (1985 соналъул 17 июнь).

МухIамад Фарис (Сирия) - Сириялъул тIоцевесев космонавт (1987 соналъул 22 июль).

Советияб авиациялъул полковник Муса Манаров (1987 соналъул 21 декабрь). Гьениб гьес бана 365 къогун 23 сагIат. «Мир» абураб орбиталияб комплексалде Манаровасул кIиабилеб космосалъулаб роржен букIана 1990 соналъул 2 декабралда



(175 къогун 2 сагIат).

ГIабдул АхIад Моманд (Афгъанистан), (1988 соналъул 29 август).

Токтар Аубакиров (Казахстан) - (1991 соналъул 2 октябрь).

ТIалхIат Мусабаев (Казахстан) - лъабго нухалда воржана космосалде.

Салижан Шарипов (Россия, узбек миллаталъул чи) - космосалде воржана Америкаялъул «Эндевор» абураб шатлалъул экипажгун (1998 соналъул 22 январь).

Айдин Аймбетов (Казахстан) - (2 сентябрь, 2015 сон).

Хазза Алмансури - (ОАЭялъул космонавт, 2019 соналъул 25 сентябрь).

Ануш Ансари, (США, ираналъулай, 2006 соналъул 18 сентябрь).

Мусафар Шукор (Малайзия, 2007 соналъул 10 октябрь).

Гьев воржиналда цебе гIуцIун букIана «МКСалда бусурбабазул гIадатал цIуниялъул къагIидаби» абураб ракIалдещвезаби. Гьениб баян гьабун букIана, космосалда вугеб механда, диниял гIадатал кин тIуразе кколелали, гьезда гьоркьоб какие чуризе, Къилба бугеб бакI чIезабизе, какил заман лъазабизе, рамазан моцIалъ кIал кквезе кколеб куц. Цинги хадуб гьес къватIибе биччана космосалда Аллагьасе жинцаго гIибадат гьабулеб букIараб кулалъул бицун хъвараб тIехь.

(Босана бусурбабазул календаралдаса)

НИЖЕР ЗИГАРА

Халкъалъ къимат кьурав гIалимчи



Гьал къоязда къадаралде щвана Хунзахъ районалъул Харахьиса лъикIав инсан - Дибирасулаев МухIамад. Гьев вукIана гIалимчи, гIелмабазул доктор. МухIамадица хъвана кIинусгоялдасаги цIикIкIун гIелмияб хIалтIиги.

МухIамад вукIана цIакъ гIадатияв инсан. Амма гьесда цIакъ квеш букIараб жо кколаан гIумруялъ гIагараб Дагъистаналдаса рикIкIад вукIин. Гьелъие гIиллаги букIана гьесул гIелмиял хIалтIаби Дагъистаналъе хIажат ратичIолъи.

МухIамадил вуго цо васги цо ясги. Гьезги тIаса бищана гIелму, ва кIиялго руго техникиял гIелмабазул кандидатал.

Аллагьасда цевеги лъикIавлъун, Алжан насибавлъун ватаги МухIамад.
Гьаб кьогIаб хабар щиб, Харахьи щвараб,
РагIизе захIматаб, рухIел цIикIкIараб.
Росуго бахилав нижер профессор,
Къанщаралищ берал, щварабищ къадар?
ГIелмабазул доктор, лъаялъул устар,
Рагъда эмен тIагIун, бесдал хутIарав.
РикIкIад, Москваялда вугонаниги
МагIарул гIамалги гIадатги течIев.
Гвангъун рекIараб цIа хехго сун уна,
Сварабищ дур чирахъ, гIелмудал ралъад?
Басриябги цIилъун, цIиябги бухIун,
ЦIа каранда лъунин дуца, МухIамад.
Халкъалъ къимат кьурав, гIадан хирияв,
Хехго щай бухьараб халатаб сапар?
Инсул гуронани мацIго лъаларел,
МацI кинаб бицинеб дур лъималазда?
МагIарул мацI гуреб рокъоб бицинчIел,
Кин гIумру тIамилеб, ПатIимат, дуца?
Цадахъ гьудул гьечIеб доб Москваялда,
Кинаб рекIелгъейдай гьанже дуй щвелеб?
Камуна дур калам, хIеренаб гьими,
Гьединго бицунеб берцинаб хабар.
ГIаданги хирияв, гIаданлъи тIокIав,
Алжан щун вохаги нижер МухIамад.

П. МУХIАМАДОВА,
Россиялъул Хъвадарухъабазул союзалъул член, Харахьи росу

Машгьурав спортсмен, лъикIав инсан



Дагьал церегIан къоязда гIумруялъул 76 сонил ригьалда къадаралде щвана машгьурав спортсмен, лъикIав инсан Ихаку ХIайдарбегов.

Гьев гьавуна 1951 соналда Ведено росулъ (гьанже Чачан Республика). 1970-абилел соназда рукIарал ГIабдулбегов, ГIашуралиев, Насрулаев, Юмин, ГIарацилов гIадал эркенаб гугариялъул рахъалъ цIар рагIарал гугарухъаби-спортсменазул цояв кколаан Ихаку.

1975 соналда лъугIизабуна ДГПИ.

Халкъазда гьоркьосеб классалъул мастер, речIчIухъанлъиялъе ругьун гьавулев вукIана ГIали ГIалиевас. Гьев ккола Европаялъул чемпион (1975 сон),

СССРалъул халкъазул Спартакиадаялъул гIарцулав призер (1975 сон),

Дунялалъул кубокалъул (1978 сон), Совет Союзалъул чемпионаталъул кIицIул призер (1974, 1978 сонал), ветераназда гьоркьов дунялалъул чемпион (2001 сон).

ХIалтIана Россиялъул гIолилазул командаялъул кIудияв тренерлъун. 1980-абилел соназдаса нахъе гIумру гьабун вукIана Москваялда.

Нижеца газеталда лъураб Ихакулгун букIараб гара-чIвариялда гьадин бицун букIана гьес:

«ГьитIинго бокьулаан дие гугари ва эркенаб заманалда гьелде вуссун вукIунаан. Майдан гурони, ругьун гьаризе бакIги букIинчIо, малъулев чиги вукIинчIо.

Кисан, сунца гьеб рокьи бижарабали лъаларо. Дие рокьулаан цIар рагIарал гIадамал, бахIарзал. Гьединавлъун вахъине бокьиялъ тIаса бищун батила дица гугариги, гьеб гурони батIияб нух гьечIин цIар рагIаравлъун вахъинеян ракIалде кколеб букIун батила гьитIинав чиясда.

Росдал майданалда къоялъ цеве ккара-ккаравгун гугарулаан. Данде гугаризе вас щвечIебги букIунаан заман, гугаризе чи валагьизеги букIунаан захIмалъи.

Цо-цо гьезде квешал рагIаби абизе, ганчIал речIчIизе кколаан гьел диде тIаде лъугьине, диего гугаризе чи щвезе», - ян.

Гьаб гьитIинабго ракIалдещвеялдаса бихьулеб буго гьесул гIадатлъиги тIаса бищараб ишалде букIараб рокьиги.

Аллагьас иманалда тIовитIун ватаги, ахират лъикIаб кьеги.

МАГIАРУХЪА ХАРБАЛ

БачIинадай гьеб къо…

Хъвайни, Сагьада ва Лъацуда росабалъе токалъул мухъ бачана кIикъого соналъ цебе. Гьанже гьеб мухъ хIаталдаса ун басралъун буго. Гьединлъидал, кутакаб гьури бахъани, чвахунцIад бани, цогидал гIиллаби сабаблъунги гьоркьоса къотIичIого канлъи суна.



Гьелда бан, дагьалъ цебе «Россети Северный Кавказ» ПАОялъул филиалалъул директор МухIамадшапи Шапиевас МахIачхъалаялда тIобитIана данделъи. Гьенир гIахьаллъана ЦIунтIа районалъул бетIер АхIмад ХIамзатов, районалъул депутатазул собраниялъул вакилзаби МухIамад ЛатIипов, МухIамад ГIалитуев, Пачалихъияб Думаялъул депутат Ж. ХIасановасул кумекчи Камил ГIумаханов.

Гьоркьоб лъураб суалалъул аслияблъун букIана ЦIунтIа районалда ток букIинаби ва хасго Сагьада, Лъацуда росабазда гьоркьоб бугеб токалъул мухъ цIигьаби.

Районалъул вакилзабаз бицана кIикъогогIан соналъ цере рачарал кваралги хIубалги турун ругин, бугониги сагьадерил гIолохъабаз чIара-хьараб хIалалда чIезабун бугилан. Хасало къвалакье бахараб гIаздалъги, риидал цIадакьги, хIинкъи бугел кьурабалъанги ххарун, гIакъубаги бихьун, цIунун хутIун буго басрияб мухъ.

ДандчIваялъул хIасилал гьарулаго, ЦIунтIа участокалъул начальникасда тIадкъана токалъул мухъ цIуниялъул суал хасаб бербалагьиялде босеян, гьелъие хIажалъулел тадбиразул мухIканаб сияхI хIадур гьабеян абун.

Бищунго кIвар цIикIкIараблъун рикIкIана къачIазеги хьвадизеги хIинкъараб хъитIнисанги рохьосанги бугеб «Хъвайни-Сагьада-Лъацуда» токалъул мухъ къачIазе квегIенаб шагьранухде бахъи. Амма, гьеб суал тIубазе ккани, нахъеги техникиял хIалтIабиги гIарцулаб кумекги хIажалъизехъин буго. Гьелда сверухъ гьабулеб хIалтIиги филиалалъул инвестициялъул программаялде гьоркьобе бачинги 2027-2030 соназул болжалалда гурони бажарулебги гьечIо.

МухIамад РАМАЗАНОВ,
ЦIунтIа район, Сагьада росу

Баркала бежтIадерие

МагIишат гьабизе санагIатаб бакI буго ЦIунтIа районалъул ВицIиялъ росу.

Ралъдал гьумералдаса 2800 метралъул борхалъуда бугеб Лъибил мухъалде машинадул нух бахъана 1974 соналда. Машинаби хьвадулаан ХутIрахъе щвезегIан, амма ВицIиялъ росу хутIана нух гьечIого. Лъабгогун бащдаб километралъул манзил буго ВицIиялъги ХIибиялъги росабазда гьоркьоб. Жидеего хIажатаб къайи ХIибиялъа ВицIиялъе гIадамаз баччулаан хIамуздагун чуяздаги лъун ва гьел гьечIез - мугъалъ.

Гьеб захIматаб хIалалдаса рорчIиялъул мурадалда, росдал жамагIаталъ хIукму гьабуна шагьранух бахъизе. Гуржиялъа кьвагьулеб херги босун, бакI-бакIалдаса кьураби кьвагьизаризе картIалги рахъун, газа-белалъ бухъун, хIалицаго бахъана нух. Гьеб бахъулаго, ана 10 сон ва 1984 соналда ВицIиялъе бачIана машинаги тракторги. Кинабго рахъалъ санагIатаб гьечIониги, гьеб нух бахъиялдаса разиго рукIана гIадамалги.

Ана 42 сон. Районалъул бетIерлъун вукIарав Пахрудин МухIамадиновасулги жакъа нухмалъуда вугев АхIмад ХIамзатовасулги жигараб хIаракаталдалъун бажарана гьанже заманалъул тIалабазде рекъонкколеб «ХIибиялъ-ВицIиялъ» шагьранух бахъизе. Гьеб хIалтIи гьабизе тендер кьолеб букIун буго ЦIунтIа районалъул нухазул управлениялъухъе. Амма гьез щаялиго гьелдаса инкар гьабун буго. Гьебмехалда нух бахъиялъул иш тIаде босеян гьарун буго БежтIа участокалъул нухазул управлениялда. Гьезги гьеб тIадкъан буго «ДЭП №6» абураб фирмаялъул нухмалъулев МикагIил ХIайбулаевасда. 15 августалда байбихьана М. ХIайбулаевасул хIалтIухъабаз нух бахъизе. ТIоцебесеб сентябралде гьез бахъана ункъо метралъул гIеблъи бугеб гIатIидаб ва санагIатаб шагьра.

ВицIиялъ росдал жамагIаталъ кIудияб баркала кьолеб буго «ДЭП №6» идараялъул начальник М. ХIайбулаевасе, бригадир МухIамад Шейховасе, КамАЗалъул шофер Шамил Мирзоевасе ва бульдозералда хIалтIарав Сулейман Султановасе. Баркала буго ХIибиялъа СВОялъул гIахьалчи, тракторист Пайзула Къадировасеги. Гьарула киназего, ай нух бахъаразеги, хIалтIухъабазе кумекалъе рахъаразеги, квен чIезабуразеги щулияб сахлъи.

ХIажи НАЖМУДИНОВ,
ЦIунтIа район, ВицIиялъ росу

ЦIа тIами «ЦIатIанахъ» - тIоцебесеб лъалкI

Унсоколо районалда бугеб 21 росдада гьоркьоб буго ЦIатIанихъги. Росдае кьучI лъун буго гIага-шагарго V-VI гIасрабазда.

Харабазул биценазда рекъон, росдае кьучI лъеялъул хIакъалъулъ хъвараб асар къокъ гьабун буго гъоркьехун бахъулеб.

ПатIимат ХIАЖИЕВА

ГIадамал хисула, ханзаби уна,
Халкъалъул хIатIил лъалкI бацIцIун унаро

Рохьаз сверун ккураб «Раккали» кIкIалахъ,
Эхе гIедегIараб цо «ХъахIаб» лъарахъ,
ХъитIазда гьоркьоса батIа бахъулеб,
КIудияб хъитI буго, керен чIегIераб.
Чан сондай сверараб, доб согIаб заман,
Дур лъалкI хутIун бугин абадиялъе.
Умумузул гIумру, гьезул магIишат,
Дур каранда буго кидагоялъе.

КIкIуйдуца белъараб дур кереналъги,
Хьолбохъ сокIкIун ругел ганчIил сиязги.
КIудаб къиса хъвалин лъидаго ккечIо,
Къунареб лъалкI телин щивго вукIинчIо.
КIиго мугIрул бал тун ТIануси росулъ,
ТIокIалъ такрарлъичIев дов ГIандуникI хан.
Давла гIун чIоларев «кверал халатав»,
Кинабго бокьулев инсан вукIана.

Дуде гIайиб гьабун абулеб гуро,
Аниб дур лъалкIазул сурат хутIана.
Хираго дуй кьурал мугIрузул ракьал,
Дур цо сабаб гIадин росдай тун буго.
АнцIила кIиго рукъ, къвакIараб наслу,
Дир росдай кьучI лъурал лъикIал бахIарзал.
Ракь бекьун, чан гьабун, чабхъаде хьвадун,
МагIишат гIуцIизе гIамал гьабуна.

Доб лъарал ргIалда эхетун бугеб,
Борхатаб си гIадаб ганчIил ракьанда.
Сордойил кунчIана канаб сардил нур,
БецIаб мугIрул сордо кIихIиги хъвалхьун.
Сверухъе кьураби, кар керчал рохьал,
Рохьил талаялда тирулел чундул.
Чабхъадулал рачIун къварид гьарула,
ТIутIлъун тIаде руссун лазат босула.

ГIалхулал мугIрузда рижарал чундул,
Инсанасул гьаркьихъ урхъун рукIарал.
КIолеб гьечIо чIезе квеш ккананиги,
ЦIадул махI сверухъе руссунел руго.
Къойил захIмат лъугIун тIадруссунелъул,
Щивас гьа балаан биххун унареб.
Къаси сордо базе, цIа тIамилалде,
ТIадруссине ругин бакъ щинкIилалде.

Баракаталъул цIа букIун буго мун,
ЦIар росдае кьезе, даим гвангъараб

Рии тIагIиналде, тIегь бакъвалалде,
Хинлъиялда гIумру тIамизе хьулгун.
Къадал ракьулъ ругел, тIад къоно барал,
ГIурдал рукъзабазул бижана росу.
ЦIар щиб дуда лъелеб, мугIрузул шагьар,
Борхатаб гамачIищ, гаргалеб лъарищ?
Лъим гьекъон лъутулел, лълъар меседилал,
БагIнасазул рохьищ, рахьхъахIаб лъимищ?

Гуро. Данде ккола, дир хIисабалда,
ЦIа тIами «ЦIатIанахъ» - тIоцебесеб лъалкI.
Гьеб цIаралъ бицина дур доб балъголъи,
ТIекълъиги мекълъиги къулчIун рехараб.
Гирана соназул гьарчал церехун,
Цо-цоял тIадагьго, цоял цIакъ хехго.
КIкIалал тIинде арал тIехлъун щущана,
ТIадегIан хутIарал хайирлъун ккана.

Хунздерил ханзаби цереса ана,
Церехун хутIана дол чанахъаби.
Чундузул цIодорлъи рекIее кьурал,
Кьурабазул къвакIи гьаналъ бессарал.
Хурзал рекьулаан, ролъ лъилъулаан,
Лъараб хабар бицун гIодор чIолаан.
ХутIун батанани цо хинкI хIарччиниб,
ТIаде вачIарасе маян кьолаан.

Божизе бегьулел рукIиналъ гурищ,
Боял жанир чIезе хъала борхараб.
ГохIил борхалъуда гIебал къадазул,
ГIадатияб гуреб рукъ бан букIараб.
Жакъасеб къоялъги къед гIебаб хъала,
ГIагараб росдае мактаблъун буго.
ГIун бачIунеб бугеб цIияб гIелалъе,
ЦIар хъвараб къолденлъун къвакIун чIун буго.

ЦIиял ханзабазул хиял бижана
Халкъалъул магIишат мерхьине хIатIикь

ХIуригат бахъулеб квешаб заманалъ,
Дур кереналдаги лъалкIал тун руго.
Борхатаб сиялда сипатги гьабун,
ХIасанов жакъаги эхетун вуго.
РагIиги къадарлъун къурбанлъун ккедал,
Къуркьуге нужилан васазда кIалъан.
Доб къо бихьичIого магIишат щвараз,
Мерхьине чIогеян ахIи бан чIвана.

ГIалхул чакъалазул сипат гъорлъ бугел,
Халатал мацIазул гьерсихъабаца.
ХIуригат рихарал тушбаби ругин,
Чанго гIалимасда къоно тIад чIвана.
Бохалда рекълъарав къокъав Абакар,
Дур къвакIиги цIарги «ханас» борцана.
Хвалилаб ругъун щун лъукъананиги,
Чодул кьолониса гъоркье вортичIин.

Дуца гIадамазе исламалъул лълъар,
Барахщи гьечIого бикьун кьолаан.
Гьекъолеб лъаралъул тIагIам лъаларез,
МуртазагIали, мун, туснахъ гьавуна.
Нахъа заманалъул букIинеселъе,
КIудияб тIехь хъварав Исламил СултIан.
Дуца рицун тарал таманал дарсал,
Халкъалда ричIчIана жакъа къоялда.

Колхозал гIуцIизе кьучI лъолеб къоялъ,
Росулъа къотIарал къвакIарал васал:
ШайхмухIумил ХIасан, ХIурулгинил рос,
ГIалил Хъилич тана буголъи бахъун.
Замана хисана, халкъ кьерун чIана,
КIалъазе гьукъана, къуват лъугIана.
Чияр буголъиялъ чахьал понцIолез,
ТIу-тIун босун ана мискинасул мал.

Нужей дагьабниги бичIчIи кьолев чи,
ХIасанов, бандитаз ракьалда лъуна.
ЧIагоялщиналги цереса рачун,
КIигьумер бугезе шагьра ргьана.

ГIицIго цIадай гуреб, тIокIаб жоялъе,
Воре, гъугъагеги, хъахIилал зобал...

Нуж тIадруссунгеял ргъулал сонал,
Сиялда цIарги хъван бахIарзал квараб.

Каранлъа бачIунеб бухIараб хIухьел,
ХIасратай эбелалъ къватIибе кьурал.
Хирияб улкаги инсул ВатIанги,
РухI кьун цIунизе жал хIадур ругилан,
РакI-ракIалъ бараб гьа хIатIикь мерхьинчIо,
МагIарул цIумаца цIар борхат ккуна.

Дуниял бихьарал херал умумул,
Халккун ралагьун чIун рукIана гьезухъ.
МугIрузул кьвариги кьурул къвакIиги,
Къадру-къиматалда цIунулеб бугищ?
Азаралда хадуб ункънусго къоялъ,
Къеркьей халалъана, хвел гIемерлъана.
Къоло щуго чиги… кIиго хадувчи,
ГIагараб ракьалде нахъруссун щвечIо.

Херал умумузул, халатаб сапар,
Хирияб ракь тараб, талихI биларав

Солдатазул лъудби, лъимал-хералгун
Доре Чачаналде гочинаруна.
Хурул хIал лъалареб чияр ракьалда,
Чехь гIорцIизе гIураб магIишат щвечIо.
ГьитIинаб хъарахъги тIад тIегь баккулеб,
Ракь бечедаб улка буго чачанлъи.
Гьеб дур тIабигIаталъ тIаде росарал,
ТIекълъиялде разе течIо гIадамал.

БитIун тIабигIаталъ жиндир бечелъи
ТIибитIун тепсигун цебе рехидал.
Рукъзал тун, хурзал тун къватIир къотIарал,
Ракьул бетIергьаби тIаде гIунтIана.
МацIица хIал гьабун къватIир къотIарал,
Къокъун тIаде щвана гьанже вайнахал.
Нижер ракьул кверщел нижехъго теян,
Тавбу гьабун руго аман гьарулел.

Нижги нужго гIадал гъаримал кколин,
Нужер ракь нижеца бокьун мерхьинчIин.
ЧIваднал ругониги гьенир рещтIине,
Умумузул гъасде сапар бухьинин.
Меседил рукъги бан жаниб таниги,
Жиндий къабуллъичIеб гIалхул хIанчIица,
ГIедегIараб лъарде тIаде къулараб,
Хъархъидаги рещтIун, «ВатIан» ахIараб.

Рижараб ракьалде рокьи цIикIкIиндал,
ЦIа гъуна черхалда херал чагIазул.
Оцазда гьакал ран, хIамулги кьолон,
ЦIияб гIелгун щвана ГIарахъ-магIарде.
ГIураби рухъана, чIваднал рорхана,
ХарибакI къачIана, гамачIги бищун.
Жаниб лъим тIокIкIарал цIоморал иццал,
Инсанасул квералъ куцан къачIана.

Хасел бачIиналде гIазу балалде,
ГIисинал тIадхъелал тIад ран тIупана.
ЧIвадназул ракьанда киниял кIикIун,
Квер гIедер хIалтIана мугIрул ясазул.



ЦIатIанихъ росу

ХАБАР

Риидал мугIрузда

(Байбихьи 35-абилеб номералда)

- ВахI, мунгийищ вачIарав, цIаргIахьал! - ан дирги квер босана инсуе хъваш-баш гьабулев нижерго мадугьал МухIамадица. - Баркула дуда, гIалимчи, азбука лъугIи. Амма сайгъат кьелебха цо масъала гьабуни. ГIенекке: рукъалъул лъабго бокIнилъ кIусун буго цо-цо кету. Жиб-жибалде бадибе балагьун буго кIи-кIи кету. Кинабниги чан кету гьениб бугеб?

Дун ургъун вихьана. Цин ракIалде ккана щуго батилин, цинги бичIчIана гьениб лъабго гурони кету гьечIеблъи. Дица лъабго бугилан абуна.

- ЦIакъ битIараб, бахIарчи, кIицIул кIиго ункъо букIин дуда бичIчIун буго. Дол гIухьбуз гIи бечIчIун бахъарабго, гелалъул гIоркь дуца кквезе мукIурав вуго дун.

Гьенир аскIорго, рехъенги данде бакIарун, гIи бечIчIулел ругоан гIухьби. Цояб рукьалда рахълъенги бан, лемагал гьез цояб кверал речIчIулел ругоан. Гьел, тамаша, хех хIалтIулел куц. РечIчIарухъабазда гьоркьоб къец букIунилан бицана дида дадаца, гьеб хIалтIиги бокьарасухъа бажарулеб жо гурилан.

КватIичIого гIухьбузул рахълъаби цIуна. Цо-цоккун рачIун, гьез гьел цо кIудияб хъазнире чIехьана. ГьитIинабго къвачIинисанги босун, МухIамадица гьенибе цIо рехана, цIулал хинкIбахъалъ гьеб багъа-бачарана.

- Мая, гьобол, - абун МухIамадица дихъе битадул гел бегьана. Метералдеги бакI тезе кIочонге, - ян тIадеги жубана.

Рехъабиги рачун, гIухьби сагаялде ана. Къавулъ дунги МухIамадги хутIана.



- Векере, МухIамад, нилъго лъадаре рилълъине, доб кIиябго хIама бачун вачIа, - ян абуна гьес.

Цо киве вукIаниги ине диеги бокьун букIана. Цояб берги къанщун, санго гьавулареб гIадин, бегараб гьоялъухъ хIинкъадго валагьулаго, дун хIамузда хадув вортана.

МухIамадица цо-цо хIамида кIи-кIи рахълъен лъуна. Цере-цере хIамулги къотIун, ниж мугIрул кIкIалахъ бугеб иццухъе рещтIана. Гьениб бугеб лъел цIорой щибха.

Лъелги цIун, ниж нахъруссана. Къавуде щвараб мехалъ, МухIамад къасиквен гьабизе лъугьана. Хьагинибе гьанги рехун, гьес раса цебе лъуна. Гьесие кумекалъе дунги жувана.

МаркIачIуда, кIудияб цIа сверун гIодорги чIун, гIухьби кваналел рукIана.

- Я вац, МухIамад! – ан вахъана цо вехь. Жакъа дуда хинкIал гьаризе кIочонищ тараб? Дуцани гьезул бакIалда митискуйдул гьарун руго.

- Валлагь битIараб! - ан кIалъана цогидавги. - Дунги щаклъун вукIана гьал жал хинкIал ратиялда. Гьаб кинаб гIадат кколеб?

- У, дун нужее хинкIазул бакIалда ясикIаби гьарулев вукIана! - ян ццин бахъана МухIамадил. - Дица кьолеб квен тIоцебесеб нухалъ кваналел гIадамал ратила нуж!

Дунги вукIана гьабизе жо тIагIун. Дир гIайиб цогидасде, гIайибго гьечIесде рехулеб мехалъ, чIинкъан вахъинчIого кин чIелев?

- Гьел дица гьаруна…, - ян хIинкъадго, ргIун-ргIулареб кацалъ абуна дица.

(Хадусеб букIине буго)

ХIамзат КАЗИЕВ

МАСЪАЛАБИ

1. Махил гъотIода тIад бижун буго 9 гIеч. Гьуриги бахъун, лъабго гIеч бортана. Чан гIеч хутIараб гъотIода?

2. Азбаралде роржун рачIана 5 цIумги 4 хъарчигъаги. Чан хIинчI хьвадулеб бугеб азбаралда?

3. Нижехъе гьоболлъухъе рачIана, 3 километрги тун, МухIамадги, ПатIиматги, АхIмадги. Щивас чан километр тараб?

4. Цо инсуда гьикъун буго: «Дур чан лъимер бугеб?» - ан. Гьес жаваб кьун буго: «Дир вуго ункъо вас ва гьезул щивасул цо-цо яц». Чан лъимер бугеб гьесул?

5. Шагьаралде унев вукIана цо вас. Гьесда данде рачIана анкьго чи. Чан чи унев вукIарав шагьаралде?

6. АхIмадилги, МухIамадилги, ГIалилги руго рукъалъул хIайванал: кету, гьой ва гIанкIу. АхIмадил гьудуллъи гьечIо катилгун ва гьоялъулгун. МухIамадил гьечIо кету. Лъил кинаб рухIчIаголъи бугеб?

7. Цо къоялда жаниб цо маймалакалъ кванала 1 кг бананазул. Чан къо къваригIунеб 5 маймалакалъе 20 кг бананазул кваназе?

8. Столалда тIад руго лъабго охцерги ункъо гIечги. Васас цо гIеч квана. КигIан пихъ хутIараб столалда тIад.

МАХСАРАБИ





КЕПАЛ КУЧIДУЛ

ХIамикIуртул

Ниж руго хIамикIуртул,
КIарчанго рекерулел,
Улбул гIадин гьагIдулел,
Гьир жеги баччуларел.
ХIурулъ герегахъдулел,
ХъачIаб заз квине кIолел,
Лъимал рекIине ккани,
Рахъун тIурунги унел…
Ниж гIедал, рогьалида
Гьагьалги мугъзада къан,
ЩагIил хъубиги раччун,
Щибаб росулъе щвела.
РачIина ниж гьодитIа
Гьиралги къан гIухьбухъе,
ГIечул чIагьалги раччун,
Бичизе базаралде.
Гьудулзаби ккола ниж
Кидаго хIажалъулел,
ХIамикIуртул руго ниж,
ХIажалъидал ратулел.

ХIасан ХIАБИБОВ



БАСНЯ

Нухлулал

Нухда унел рукIанила херав чиги гIолохъанчиги. Бугила нухда гIарцул цIураб къандалъо. ГIолохъанчияс гьеб кодобе босанила ва абунила:



- Гьалеха дида батараб давла.

Херас абунила:

- Нилъеда кIиясдаго батанаха гьеб.

- Гуро, кIиясдаго батичIо, тIоцебе дица кодобе босана.

Херав чияс тIокIаб щибго абичIила.

Дагьабги нух танила. Цойидасан ахIи-хIуралда хадур рачIунел гIадамазул гьаркьал ргIанила:

- Лъица гIарцул къандалъо бикъараб?

ХIинкъарав гIолохъанчияс херасда абунила:

- Нилъее, даци, гьаб батараб жо сабаблъун къварилъи ккечIониха!

Херас абунила:


- Батараб жо дур буго, нилъер гуро, къварилъиги дур буго, нилъер гуро.

Кквезеги ккун, гIолохъанчи суд гьабизе шагьаралде вачун анила, херав жиндирго рокъове анила.

Лев ТОЛСТОЙ

Гьумер хIадур гьабуна
ГIайшат ХIАЛАКЪОВАЛЪ.

ГІАЖАИБАБ ДАГЪИСТАН



ЧІарада район, ГІурухъ-СотІа росу

НУЖЕЕ БАЯНАЛЪЕ:

- Дагъистаналъул ракьалда ратун руго цо миллионгун 400 азарго соналъ цеве вукІарав чиясул рукьби.


- Дагъистан рикІкІуна Азиялъул бутІалъун.

- Дагъистаналда руго туристазе балагьизе бокьулел гІемерал бакІал.

- Дагъистаналда буго Европаялда бищунго гъваридаб ва халатаб Сулахъалъул къварилъи.

- Дагъистаналъул ракьалда буго Евразиялда бищунго борхатаб салул мегІер – Сарикум.

РАГІИКЪОТІ



ГІебеде: 1. ЦІоросаролъул гъалал. 5. Богорукъалъул тІагІел. 8. Районалъул центр. 9. Харил гъуни. 10. Къирал. 13. Гьурмал бутІа. 14. Рохьазул залим. 16 Анкьил къо. 18. Рукъалъул хІайван. 19. Кванил нигІмат. 20. Аллагьасда божи. 21. Сундул бугониги къимат гьаби. 25. Лаваша районалъул росу. 27. Кагъат, цІулал тІагІел-алатал седезе хІалтІизабулеб лъамалъи. 29. Союз. 33. Сигаретазул тайпа. 34. Бо.

ГІодобе: 1. Бихьинчиясда цІар. 2. Буюрухъ. 3. Ракьулъа кІанцІараб лъим. 4. Лъадал транспорт. 5. Ханждал роцен. 6. ХІайваналъул лага. 7. Музыкалияб алат. 11. Куналъул гури. 12. ГъутІбузул тайпа. 13. Могьолаб культура. 14. РикІкІен. 15. Квасул, къохьол партал кваналеб хІутІ. 17. Ихтияр. 21. Чундузул тайпа. 22. ЧужугІаданалда цІар. 23, 24. Музыкалиял алатал. 26. ЛъагІалил моцІ. 28. Бусурбабазул пачалихъ. 30. Буголъи. 31. ЧІужугІаданалда цІар. 32. Бихьинчиясда цІар.

35-аб. номералда лъураб рагІикъотІалъе жавабал:

ГІебеде: 5. ЛахІзат. 6. Тавпикъ. 10. Драматург. 11. Нерпа. 13. Азбар. 15. Мушавар. 17. Ингул. 18. Вагон. 19. Сак. 21. Кьижана. 22. Абушев. 23. ХІан. 25. Инсап. 27. Варна. 29. Караван. 31. Метро. 33. Икона. 34. Аваристан. 35. Кишмиш. 36. Зигара.

ГІодобе: 1. Карьер. 2. Пайда. 3. Гьанга. 4. Мискъал. 7. Расул. 8. КІаратІа. 9. Сурав. 12. Пенсионер. 14. Зоотехник. 15. Мубарак. 16. Рагъухъан. 19. СахІ. 20. Кан. 24. Акация. 26. Парад. 27. Вахта. 28. Бертин. 30. Ингури. 32. Оазис. 33. Инжир.



ХІАКЪИКЪАТ

БетІерав редактор
ХІАСАНОВ Темирхан Мухlамадович
8 (939) 222-71-11

Заместитель
Зикрула ИЛЬЯСОВ
66-00-64

Жавабияй секретарь
ПатІимат Мухlамаева

Отделал:
Информация, политика, гІелму ва лъай кьей
Редактор:
Кавсарат Сулейманова
Ашахан Юсупов
Рукъият ГІалисултанова
Адабият
Шамай Хъазанбиева
Тарих
АхІмад Муртазагlалиев
Росдал магlишат
ГІабаш ГІабашилов
Жамгlиял бухьенал
МухІамадхІабиб МАХІАТІОВ

ЦІалдолезул кагътал
Нури Нуриев
ГІайшат ХІалакъова

Корректор
Хадижат Дамаданова

Дизайнер
Раисат ТІагьирова

Социалиял гьинал ва медиа-бухьенал
ПатІимат
СултІанмухІамадова
Надира ГІамирханова

Электронияб почалъул адрес:
istina@etnomediadag.ru
www.hakikat.info

Заказ №___
Печаталъе гъулбасана - 20.00
Гъулбасана - 19.00

РЕДАКЦИЯЛЪУЛ ВА ИЗДАТЕЛЬСТВОЯЛЪУЛ АДРЕС:
367018
МахІачхъала, Насрудиновасул проспект, 1-А

Газета къватІибе биччана «Феникс-пресс» басмахана» ОООялъ
Дагъистан Республика, Шамил район, ХІебда росу, Сураказт Асиятиловасул къватІ, І

«ХІАКЪИКЪАТ» ГАЗЕТА ГІУЦІАРАЛ:
ДРялъул Информациялъулгун печаталъул агентство (ГБУ РД «Этномедиахолдинг «Дагестан»)

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД от 21.05.2019 г.

Регистрационный номер ПИ № ТУ05-00427
Макъалабазда рехсарал хlужабазул, тарихазул, балъголъи гъорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.

Редакциялъ кидаго гуро макъалаялъул авторасул пикру гІахьал гьабулеб

Тираж - 4500

Газеталъул индекс: 51314
(бащдаб лъагlалие)

Батlи-батlиял соназда газета къватІибе бачlунеб букlана хадур рехсарал цІаразда гъоркь: «Заман», «Аваристан», «ХІалтІулел чагlи», «БагІарал мугІрул», «МагІарул мискинзаби», «МагІарулав», «Социализмалъул байрахъ», «МагІарул большевик», «Дагъистаналъул правда», «БагІараб байрахъ».

УЧРЕДИТЕЛЬ:

Агентство информатизации и печати Республики Дагестан руководитель ГБУ РД "ЭТНОМЕДИАХОЛДИНГ "ДАГЕСТАН"

МАГОМАЕВ Ахмед Магомаевич